**O’ZBEKISTAN RESPUBLİKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

*Qol jazba h’uqi’qi’nda*

*UDK: 413+639.2*

***Saniyazova Gu’lshira Kuatbaevna***

# Qaraqalpaq tilinde bali’qshi’li’q leksikasi’

5A 220101 Qaraqalpaq tili

Magistr da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya

MAK da jaqlawg’a ruxsat

Magistratura bo’limi basli’g’i’

_______doc. Gulimov A.

Kafedra basli’g’i’_______f.i.d. M.Qudaybergenov

İlimiy basshi’:________ f.i.d.prof. Sh.Abdinazimov

No’kis-2015

Jaqlawg'a ruxsat berildi

| | |
|---|---|
| Fakultet dekani: | F.i.k. A.Gulimov |
| Kafedra basligi: | F.i.d. M.Qudaybergenov |
| Ilimiy basshi: | F.i.d. Sh.Abdinazimov |

# «Qaraqalpaq tilinde bali'qshi'li'q leksikasi'» temasi'na

Ma'mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n' qarari':

**Saniyazova Gu'lshira Kuatbaevnanin'** Magistr da'rejesin ali'w ushi'n jazi'lg'an dissertaciyasi'na

«_____» bahasi' qoyi'lsi'n.
«_____» _________ 2015-ji'l.

MAK basli'g'i': ____________________________
MAK ag'zalari': ____________________________
____________________________
____________________________

# M A Z M U N I’

**KIRISIW**

**I BAP. TU’PKILIKLI TU’RKIY SO’ZLERINEN JASALG’AN BALI’Q ATAMALARI’……………………………………………………………8**

1.1. Bali’qshi’liq atamalari’ni’n’ izertleniw jag’daylari’………………………..8

1.2.Wo’z so’zlik qatlamdag’i’ bali’q atamalari’………………………………16

a) Bali’qti’n’ ko’lemine qaray bali’q tu’rlerinin’ atamalari’…………………...22

b) Ko’lemi jag’i’nan kishi bali’q atamalari’……………………………………27

1.3. Qazaq tilinen kirgen bali’q atamalari’……………………………………..30

1.4.Tu’rkmen tilinen kirgen bali’q atamalari’…………………………………32

1.5.Wo’zbek tilinen kirgen so’zler……………………………………………..34

**II BAP. BASQA TILLERDEN KIRGEN BALI’Q HA’M BALI’QSHI’LI’Q ATAMALARI’……………………………………………………………..37**

2.1. Arab-parsi’ tillerinen kirgen bali’q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’………..37

2.2. Wori’s tilinen kirgen bali’q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’………………..40

2.3. Woris tili arqali’ basqa tillerden kirgen bali’q atamalari’...........................43

**III BAP. BALI’QSHI’LIQ KA’SIBINE BAYLANI’SLI’ QOLLANI’LATUG’I’N SO’ZLER..............................................................45**

3.1.Bali’q awlawda qollani’latug’i’n qurallardi’n’ atamalari’...........................45

3.2.Bali’q wo’lshewde qollanatug’i’n so’zler...................................................50

3.3.Ma’wsimge baylani’sli’ bali’qshi’lardi’n’ qollanatug’i’n so’zleri...............52

3.4.Uluwma bali’qshi’li’q ka’sibinde qollani’latug’i’n atamalar.......................54

3.5. Bali’qshi’li’q leksikasi’ni’n’ du’zilisine qaray tu’rleri...............................57

a) Jeke so’z tu’rindegi bali’q atamalari’...................................................57

b) So’z dizbegi tu’rindegi bali’q atamalari’.............................................62

s) Qospa so’z tu’rindegi bali’q atamalari’................................................64

**JUWMAQ.................................................................................................68**

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI.......................................73**

# K I R I S I W

## Jumi’sti’n’ uluwma si’patlamasi’
## Temani’n’ aktualli’g’i’

Ha’r bir milletti’n’ ma’deni’yati ha’m ruwxiy du’nyasi’ woni’n’ ana tilinde sa’wlelenedi. Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ duris ko’rsetip wo’tkenindey: «Ana tili-bul millettin’ ruwxi’. Biz babalari’mi’zdan a’wladlarg’a wo’tip kiyati’rg’an biybaha bayli’qti’n’ miyrasxorlari’ si’pati’nda ana tilimizdi qa’sterlep saqlawi’mi’z, woni’ bayi’ti’w abi’royi’n ja’ne de artti’ri’w u’stinde mudami’ islewimiz za’ru’r»[1]. Sonli’qtan da xali’qti’n’ ruwxi’ bolg’an bul qa’diryat asi’rap-abaylaw ha’m rawajlandi’ri’w ushi’n woni’ ha’r ta’repleme teren’ u’yreniw lazi’m. Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ rawajlanip ha’m bayi’p bari’wi’nda tilimizge jan’a so’zlerdin’ kelip kiriwi menen bir qatarda, so’zlerdin’ ha’r qi’yli’ stillik xi’zmette jumsali’wi’ u’lken a’hmiyetke iye. Wo’ytkeni, ha’r bir so’z kontekstte qollani’wi’na qaray ha’r qi’yli’ stilistikali’q boyawlarg’a iye boladi’. Tilimizdegi ha’r bir so’zdin’ leksika-semantikali’q ha’m stilistikali’q jaqtan xi’zmetin ani’qlaw ilimiy ham a’meliy a’hmiyetke iye.

Qaraqalpaq tili-qaraqalpaq xalqi’ni’n’ milliy tili. Wol a’sirler dawami’nda ja’miyettin’ rawajlani’wi’ menen jetilisip millet tili ha’m a’debiy til da’rejesine kelip jetti. Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ rawajlani’p bayi’p bari’wi’na qatnasli’ bolg’an qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’n yele de teren’irek u’yreniw u’lken a’hmiyetke iye. Wo’ytkeni, ha’r bir tildin’ leksikasi’ni’n’ waqi’tti’n’ wo’tiwi menen qollani’w wo’risi tarayg’an so’zler paydalani’wdan qali’p, worni’na jan’a ma’nidegi so’zler kelip kiredi. Buni’ ko’p g’ana ilimiy izertlewler tasti’yi’qlaydi’.

Bizin’ jumi’si’mi’z qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’liq leksikasi’n izertlewge arnalg’an. Temani’n’ aktualli’g’i’n, birinshiden, woni’n’ usi’ da’wirge shekem qaraqalpaq til biliminde arnawli’ izertlewdin’ obyekti bolmawi’ ko’rsetse, yekinshiden, tilimizdegi bali’qshi’liq leksikasi’ni’n’ stilistikasi’n ha’m woni’n’ ha’r bir ma’nilik tu’rinin’ wo’zgesheliklerin ani’qlaw

[1] Каримов И.А. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. – Ташкент.: Маънавият, 2008. – Б.87.

boli’p tabi’ladi’. Qaraqalpaq til biliminde, soni’n’ ishinde leksikologiya tarawi’nda ka’siplik leksikani’n’ u’yreniliwi za’ru’r temalardi’n’ qatari’na kiredi. Qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’n izertlewge arnalg’an ilimiy izertlewler joqti’n’ qasi’nda. Ilimiy miynetlerde bali’qshi’li’q leksikasi’n dialektlerde sali’sti’ri’p, so’ylemdegi wo’zgerislerge ushi’rag’an atamalardi’ atap ko’rsetken.

Bali’qshi’li’q leksikasi’ leksikologiyani’n’, ani’g’i’raq aytqanda, ka’siplik leksikani’n’ ishindegi wo’zine ta’n wo’zgesheliklerge iye so’zler topari’. Wolar tildin’ tariyxi’y rawajlani’w basqi’shlari’nda ma’nisi, seslik du’zilisi, leksikali’q qurami’ jag’i’nan bir qatar wo’zgerislerge ushi’rag’an.

## Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’

Qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’n toplaw, materiallardi’ analizlew ha’m ilimiy bag’darda izertlew magistrlik jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p tabi’ladi’. Sebebi tilimizde bali’qshi’liq leksikasi’ haqqi’nda jazi’lg’an arnawli’ ilimiy miynetler joq. Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika boyi’nsha ayi’ri’m ilimiy miynetlerdi atap aytpag’anda izertlewler joqti’n’ qasi’nda. Sol miynetlerde de tek basli’ ma’seleler sistemali’ ra’wishte g’ana bayanlang’an. Biz sol ushi’n da qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’n analizlewdi ha’m ilimiy bag’darda izertlewdi maqset yetip qoydi’q.

Magistrlik dissertaciyaliq jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’: qaraqalpaq tlindegi bali’qshi’li’q leksikasi’, bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ qollani’latug’i’n so’zler, bali’q atamalari’n fonetika-morfologiyali’q, leksika-semantikali’q bag’darda ilimiy analizlew tiykari’nda usi’ waqi’tqa shekem qaraqalpaq til biliminde izertlenilmegen temani’ u’yreniw boli’p tabi’ladi’.

Bizin’ magistrlik dissertaciyami’zdi’n’ tiykarg’i’ maqseti qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’n, bali’q atamalari’n ilimiy bag’darda u’yreniwden ibarat.

Belgilengen maqsetke yerisiw ushi’n to’mendegi wazi’ypalardi’ sheshiw belgilendi:

-ori’s ha’m tu’rkiy til biliminde leksikologiyani’n’ izertleniwin u’yreniw;

- qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’ni’n’ izertleniwin u’yreniw;

-leksikologiya boyi’nsha izertlengen miynetlerge sholi’w jasaw;

-bali’q atamalari’ni’n’ kelip shi’g’i’w wo’zgesheliklerin ani’qlaw;

-basqa tillerden kirgen bali’q atamalari’n analizlew;

-bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ qollani’lg’an so’zlerdi ani’qlaw;

**Izertlewdin’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m gipotezasi’n** 1) tupkilikli tu’rkiy so’zlerinen jasalg’an bali’q atamalari’ni’n’ wo’zgeshelikleri, 2) basqa tillerden kirgen bali’q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’ni’n’ qollani’liw wo’zgeshelikleri, 3) bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ qollani’latug’i’n so’zlerdin’ wo’zgeshelikleri si’yaqli’ ma’seleler quraydi’.

## Jumi’sti’n’ izertleniw obyekti ha’m predmeti

Magistrlik dissertaciyali’q jumi’sti’n’ izertleniw obyektine “Qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’” degen tema ali’ndi’, yag’ni’y qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’liq leksikasi’ ha’m bali’q atamalari’ni’n’ qollani’li’w wo’zgeshelikleri jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ obyekti yesaplanadi’. Qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’ boyi’nsha usi’ waqi’tqa deyin arnawli’ jazi’lg’an izertlew jumi’si’ joq. Bul tarawda tek Moynaq govori’ haqqi’nda T. Begjanovti’n’ “ Qaraqalpaq dialektologiyasi’ni’n’ ma’selelerinen” (No’kis-1971) atli’ miyneti ha’m prof. D. S. Nasi’rovti’n’ “Dialektologiyali’q so’zlik” (No’kis- 1983) miynetlerin atap ko’rsetiwge boladi’.

Qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’n izertlewde M. Jumanovti’n’ “Qaraqalpaqstanni’n’ haywanat du’nyasi’” miyneti derek si’pati’nda xi’zmet yetti. Sonday-aq, jergilikli jazi’wshi’lari’mi’z ta’repinen bali’qshi’lar turmi’si’nan ko’p g’ana shi’g’armalar do’retildi. Solardan, K.Sultanovtin’ “Aqda’riya” romani’, A. Begimovti’n’ “Bali’qshi’ni’n’ qi’zi’”, Wo’. Ayjanovti’n’ “Aral qushag’i’nda” atli’ romanlari’ izertlew jumi’si’mi’zg’a derek xi’zmetin atqardi’.

## Jumi'sti'n' ilimiy jan'ali'g'i' ha'm a'meliy a'hmiyeti

Qaraqalpaq til biliminde leksikologiya tarawi' boyi'nsha izertlengen miynetlerde bali'qshi'li'q leksikasi' ka'siplik so'zlerdin' ishinde qarali'p, bul ka'sipke baylani'sli' ayi'ri'm mi'sallar g'ana berilgen.

Qaraqalpaq tilindegi bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' ha'm bali'q atamalari'ni'n' wo'zgesheliklerin ani'qlaw bul magistrlik dissertaciyada da'slepki ret qolg'a ali'ni'p woti'r. Jumi'sta qaraqalpaq tilindegi bali'qshi'li'q atamalari'ni'n' tuwi'sqan xali'qlardan kirip kelgen atamalar usi' tiykarda bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' tu'rleri, qollani'li'w wo'zgeshelikleri belgilenedi. Izertlewdin' na'tiyjesinde ali'ng'an juwmaqlar qaraqalpaq tilinin' leksikasi'n u'yreniwge qosi'lg'an u'les boli'p, keleshekte usi' bag'darda izertlew jumi'slari'n dawam yettiriw ushi'n tiykar boli'p xi'zmet yetedi. Bul tema boyi'nsha woqi'w qollanbalar jazi'wda, bali'qshi'li'q leksikasi'n u'yreniwde ju'zege keletug'i'n wo'zgeshelikler , bali'q atamalari'n leksika-semantikali'q bag'darda ilimiy analizlew jo'nindegi pikirler qaraqalpaq til biliminin' ayi'ri'm ma'selelerin sheshiwde ja'rdem beredi.

Sonday-aq, dissertaciya materiallari'nan joqari' woqi'w wori'nlari'ni'n' studentlerine arnawli' woqi'w qollanbalar du'ziwde, arnawli' kurslar wo'tiwde, ha'r qi'yli' so'zlikler du'ziwde paydalani'w mu'mkin.

## Izertlew jumi'si'ni'n' metodlari', metodologiyali'q tiykarlari'

Temani' izertlew bari'si'nda Prezidentimiz I. A. Karimovti'n' bayanatlari' ha'm shi'g'i'p so'ylegen so'zlerinde, Hu'kimet qararlari'ndag'i' milliy qa'diriyatlari'mi'zdi', ma'deniy miyraslari'mi'zdi' qayta tiklew, ana tilimizdi teren' u'yreniw ha'm ma'mleketimizdin' g'a'rezsizligin bekkemlew joli'nda wolardan wo'nimli paydalani'p, milliy ideologiyani' rawajlandi'ri'w boyi'nsha pikirlerin basshi'li'qqa aldi'q. Sonday-aq, til, tariyx, ruwxi'yli'q haqqi'ndag'i' pikirleri metodologiyali'q tiykar wazi'ypasi'n wo'tedi.

Dissertaciyali’q jumi’sta izertlenip ati’rg’an materiallardi’n’ bag’dari’na ha’m aldi’na qoyi’lg’an maqsetine baylani’sli’ sali’sti’ri’w ha’m bayanlaw metodlari’ qollani’ldi’. Bir qatar bali’qshi’li’q leksikalari’ tariyxi’y rawajlani’w basqi’shi’nda wo’zgerislerge ushi’rag’anli’g’i’ ha’m basqa tillerden wo’zleskenligi yesapqa ali’ni’p, wolardi’ analizlewde tariyxi’y metodtan paydalani’ldi’.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’**

Magistrlik dissertaciya kiris bo’lim, kirisiw, tiykarg’i’ u’sh bap, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlardi’n’ diziminen ibarat. Ko’lemi 75 betti quraydi’.

Kirisiwde jumi’sti’n’ uluwma si’patlamasi’ berildi, I bap tu’pkilikli tu’rkiy so’zlerinen jasalg’an bali’q atamalari’nan, II bap basqa tillerden kirgen bali’q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’nan, III bap bolsa bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ qollani’latug’i’n so’zlerden turadi’. Juwmaqlawda islengen jumi’slarg’a uluwma talqi’lama berildi.

# I BAP. TU’PKILIKLI TU’RKIY SO’ZLERINEN JASALG’AN BALI’Q ATAMALARI’

## 1.1. Bali’qshi’li’q atamalari’ni’n’ izertleniw jag’daylari’.

Qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’n izertlew ha’m u’yreniw tariyxi’ jag’i’nan rus tili ha’m basqa tu’rkiy tilles xali’qlardi’n’ leksikasi’ si’yaqli’ uzaq da’wirdi wo’z ishine aladi’. Wo’ytkeni qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ boyi’nsha tyurkologiyali’q a’debiyatta ayi’ri’m salmaqli’ miynetlerdi ko’re almaymi’z. Tildin’ rawajlani’wi’ ha’m jetilisiwi yen’ aldi’ menen woni’n’ leksikasi’nda ko’rinedi. Qaysi’ tildin’ bolmasi’n leksikasi’n izertlew arqali’, birinshiden, biz sol tildi do’retiwshi xali’qti’n’ turmi’si’ menen tani’sami’z, yekinshiden, sol tildin’ qay da’rejede rawajlang’anli’g’i’n ani’qlaymi’z. U’shinshiden, woni’n’ wo’zine ta’n ishki rawajlani’w ni’zamli’qlari’n tag’i’ da toli’g’i’raq ashi’w mu’mkinshiligine iye bolami’z.

Ilimnin’ qanday tarawi’ bolmasi’n belgili bir ma’seleni toli’g’i’raq u’yreniw ushi’n woni’n’ izertleniw tariyxi’na na’zer awdari’w za’ru’rligi kelip shi’g’adi’. Sebebi bul arqali’ sol tarawdag’i’ islengen islerdi juwmaqlawg’a , ma’selenin’ qaysi’ ta’repine ko’birek kewil awdari’w kerek yekenligin ani’qlawg’a mu’mkinshilik beredi. Usi’ ko’z-qarastan qaraqalpaq leksikasi’ tuwrali’ anaw yamasa mi’naw da’rejede so’z yetiwden aldi’n woni’n’ usi’ ku’nge shekemgi da’wirde izertleniw ha’m u’yreniw jag’dayi’na toqtap wo’tsek maqsetke muwapi’q bolar yedi. Wo’ytkeni, ha’r qanday adam yaki izertlewshi de bul arqali’ qaraqalpaq tili leksikologiyasi’ni’n’ ha’zirgi rawajlani’w jag’daylari’ tuwrali’ pu’tin bir tu’sinik aladi’, woni’n’ a’hmiyetli mashqalalari’ boyi’nsha do’retiwshilik woylar su’riw mu’mkinshiligine iye boladi’.

Qaraqalpaq tili milliy til si’pati’nda tek son’g’i’ da’wirde g’ana toli’q ma’nide izertlene basladi’. Soni’n’ ishinde leksikali’q mashqalalardi’ ilimiy ko’z qarastan izertlew jolg’a qoyi’ldi. Ilimpaz N. A. Baskakovti’n’

ko’rsetiwinshe, qaraqalpaq tili tu’rkiy tillerdin’ ishinde yen’ az izertlengeni yedi[1].

Qaraqalpaq tilinin’ ko’pshilik ma’selelerin soni’n’ ishinde leksikali’q mashqalalari’n ilimiy ko’z-qarasta izertlew qolg’a ali’ndi’.

Venger ilimpazi’ G. Vamberidin’ “ Chagatay tili boyi’nsha ocherkleri[2]” atli’ miynetinde qaraqalpaq tilinen geypara so’zler g’ana ali’ni’p, qazaq, wo’zbek tilleri menen transkripciyali’q jobada sali’sti’ri’li’p ko’rsetiledi. Wolarda fonetikali’q ha’m ma’nisi jag’i’nan biraz kemshilikler menen berilgen. Ilimpaz ta’repinen keltirilgen 7-8 so’z arqali’ qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ boyi’nsha pu’tin bir juwmaqli’ ilimiy pikirdin’ basi’n quraw mu’mkin yemes. Wo’ytkeni tildin’ so’zlik qurami’ haqqi’ndag’i’ juwmaq leksikologiyali’q ko’z-qarastan ha’r ta’repleme ha’m teren’ ali’p qarag’anda g’ana do’reydi. Degen menen, qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ keyingi da’wirde de haqi’yqat ilimiy izertlewlerdin’ obyekti bolg’an joq ham wol tuwrali’ tyurkologiyali’q a’debiyatta ayi’ri’m salmaqli’ miynetlerdi ko’re almaymi’z, keyin ana til sabaqlari’nda qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ boyi’nsha geypara mag’luwmatlar berile basladi’. Mi’sali’, N.A.Baskakov wo’zinin’ “Qaraqalpaq tilinin’ qi’sqasha grammatkasi’” atli’ miynetinde qaraqalpaq tili fonetikasi’, grammatikasi’ boyi’nsha mag’luwmatlar beriw menen bir qatarda woni’n’ leksikasi’ haqqi’nda so’z yetedi. Wonda arab ha’m parsi’ tillerinin’ elementleri ko’zge tu’setug’i’nli’g’i’n belgileydi.

Bul til sabaqli’g’i’ qaraqalpaq tilinin’ birinshi grammatikasi’ si’pati’nda ilimiy ha’m a’meliy jaqtan u’lken ilimiy a’hmiyetke iye boldi’. Sol sebepli ataqli’ tyurkolog S. E. Malov bul jumi’sti’n’ ilimiy a’hmiyeti wog’ada u’lken dep bahalag’an yedi[3].

---

[1] Н. А. Баскаков. Каракалпскский язык: Москва, 1952. Т.II. -С. 9.

[2] Г Вамбери. Чагатай тили бойынша очерклери

[3] Малов. С.Е. Каракалпакский язык и его изучение, П. Л.1934

Son'g'i' waqi'tlari' leksikologiyani'n' ayi'ri'm ma'seleleri ko'lemli maqalalar, kandidatli'q izertlewler, monografiyali'q miynetler tu'rinde ilimiy ko'z-qarastan qarali'p, wolar qaraqalpaq lingvistikasi'na qosi'lg'an u'lken u'les retinde tani'li'p ati'r.

Demek, qaraqalpaq a'debiy tili ilimiy tiykarda ha'r ta'repleme u'yreniw son'g'i' da'wirde g'ana arnawli' qolg'a ali'ni'p, rawajlani'w joli'na tu'sti[1],-deydi professor D.S. Nasi'rov. Ja'ne de, D. S. Nasi'rov ha'm H. Hamidov oktyabrge shekemgi qaraqalpaq jazi'wi'ni'n' yesteliklerin[2], N.A.Baskakovti'n' "Qaraqalpaq tili leksikasi'ni'n' qurami' ha'm so'z quri'li'si'"[3], R.Yesemuratovani'n' "Oktyabr ha'm qaraqalpaq leksikasi'[4]", Ye. Berdimuratovti'n' "Ha'zirgi zaman qaraqalpaq tilinin' leksikologiyasi'", "A'debiy tildin' funkcionalli'q stillerinin' rawajlani'wi' menen qaraqalpaq leksikasi'ni'n' rawajlani'wi'"[5], "Ha'zirgi qaraqalpaq tili. Leksikologiya" h. t. b. miynetleri u si'nday iri ko'lemli miynetlerden yesaplanadi'.

Qaraqalpaq tili wo'z aldi'na milliy til boli'p qa'liplesti, ha'r ta'repleme izertlewdin' obyektine aylandi'. Milliy tilimizdin' leksikali'q, fonetikali'q, morfologiyali'q, sintaksislik tarawlari' izertlene basladi' . Ma'selen, Usi' da'wirdin' wo'zinde ko'p g'ana izertlewshiler kelip wo'zlerinin' u'lken miynetlerin do'retti. "Oktyabrge shekemgi qaraqalpaq jazi'wi'ni'n' yestelikleri" atli' miynette oktyabrge shekemgi da'wirdegi qaraqalpaq jazi'w yestelikleri so'z yetiledi. Sol yesteliklerdin' fonetikali'q ha'm grammatikali'q ayri'qshali'qlari' menen bir qatarda leksikali'q ayi'rmashi'li'qlari' tuwrali' az da bolsa birli-yari'm bahali' ani'qlawlar keltiriledi. Ma'selen, wolarda qaraqalpaq xalqi'ni'n' ha'rqanday xojali'q ha'm ma'deniy turmi'si'n wo'z ishine alatug'i'n leksikali'q elementlerdin' bar yekenligi ko'rsetilgen. Soni'n' menen birge bul

---

[1] Д. С. Насыров Некоторые итоги развития каракалпакского языкознания. «Общественные науки в Узбекстана» 1965. №3.
[2] Д. С. Насыров, Х Хамидов. Памятники дореволюционной каракалпакской писменности.// Вестник каракалпакского филиала АН Уз , 1961, №4.
[3] Н. А.Баскаков «Состав лексики каракалпакского языка и структура слова», Сб, «Исследования по сравнительной грамматика тюркских языков», IV, Лексика, Москва, 1962.
[4] Р. Есемуратова «Октябр хәм каракалпақ лексикасы», Нокис, 1967.

yesteliklerdin’ leksikasi’nda wori’s tili arqali’ basqa tillerden awi’sqan so’zler menen terminlerdin’ wori’n alatug’i’nli’g’i’ da ani’qlang’an.

”Qaraqalpaq tili leksikasi’ni’n’ qurami’ ha’m so’z quri’li’si’” atli jumi’sta so’zlik quramg’a tariyxi’y ko’z-qarasta si’patlama beriledi. Wonda tu’pkilikli so’zler menen bir qatarda basqa tillerden awi’sqan birliklerdin’ bar yekenligi, wolardi’n’ awi’si’wi’ndag’i’ tariyxi’y jag’daylar tuwrali’ bahali’ mag’luwmatlar bar.

N. A. Baskakov tu’rkiy tilleri leksikasi’ni’n’ yeski qatlami’ ko’p sanli’ tu’rkiy ha’m mong’ol tilleri ushi’n wortaq leksikali’q qatlam yekenligin ko’rsetedi. Wolardi’n’ mong’olsha ha’m qaraqalpaqsha tu’rleri sali’sti’ri’ladi’ da, ma’nileri wori’ssha si’n’arlari’ menen tu’sindiriledi. Jumi’sta ha’zirgi zaman qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’nda qi’tay ha’m iran tilleri elementlerinn’ wori’n alatug’i’nli’g’i’, wolardi’n’ da tu’rkiy tillerine so’z awi’si’wdi’n’ da’slepki da’wirlerinde kelip kirgenligi ko’rsetiledi. Usi’ni’n’ menen birge arab ha’m parsi’ tillerinen awi’sqan so’zlerdi ma’nilik ha’m xi’zmetlik ko’z-qarastan qarap, wolardi’ tematikali’q jobada, alti’ toparg’a aji’ratadi’: diniy ma’nige iye so’zler, ilimiy terminologiya, wo’ndirislik-ekonomikali’q terminologiya, ku’ndelikli turmi’s leksikasi’ ha’m abstrakt grammatikali’q ma’nige iye so’zler.

Jumi’sti’n’ belgili bir bo’limi qaraqalpaq tiline wori’s tilinen ha’m wori’s tili arqali’ awi’sqan internacionalli’q leksikag’a arnaladi’. Avtor wori’s ha’m internacionalli’q si’patlamadag’i’ so’zlerdin’ basi’m ko’pshiligi son’g’i’ da’wirde awi’sqanli’g’i’n da’l mi’sallar tiykari’nda ju’da’ duri’s ko’rsetedi.

Qaraqalpaq a’debiy tilinin’ wo’sip barati’rg’an talaplari’ tildin’ leksikali’q qurami’ boyi’nsha ilimiy ha’m a’meliy jaqtan u’lken a’hmiyetke iye mashqalalardi’ teren’i’rek u’yreniw za’ru’rligin keltirip shi’g’aradi’. Ilimpaz R. Yesemuratovani’n’ monografiyali’q miynetinde usi’nday a’hmiyetli ma’seleni ilimiy ko’z-qarastan ta’riplewge arnalg’an.

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’n izertlewde wori’s ilimpazlari’nan A.S. Morozova, A. M. Ivanov, A. I. Davlet, S. E. Malov, E. D. Polivanov, A.K. Borovkov, A. A. Sokolov, V.I. Filonenko, N.A. Baskakov, V.V. Reshetov

h.t.b. ilimpazlar bir qansha miynetler ja'riyaladi'. Al, shet yel ilimpazlari'nan Karl Mengen, Martti Rasyanen, Stefan Burm si'yaqli' ilimpazlardi'n' miynetlerinde qaraqalpaq tilin izertlewge bag'i'shlang'anli'g'i'n ko'remiz.

Tildin' tiykari'n quraytug'i'n so'zlik quram menen so'zlik bayli'qti' izertlew, ayi'ri'm tillerdin' quri'li'si'n izertlew, so'z bayli'g'i'n u'yreniw, wog'ada u'lken a'hmiyetke iye. Soni'n' menen birge tildin' so'zlik bayli'g'i'n izertlew isi woni'n' ishki rawajlani'w ni'zamlari'n ashi'wda da a'meliy jaqtan a'hmiyetke iye za'ru'rli is boli'p tabi'ladi'.

Bunday miynetlerdin' qatari'na ilimpaz Ye. Berdimuratovti'n' ”Ha'zirgi zaman qaraqalpaq tili. Leksika'” atli' monografiyali'q izertlewin kirgizsek boladi'. Bul miynette qaraqalpaq tili leksikasi'ni'n' semasiologiyali'q ayri'qshali'qlari'n leksikali'q qurami'n ilimiy ko'z-qarastan analiz yetiledi. Leksikali'q quram tariyxi'y shig'i'si', qollani'li'w wo'risi, qollani'li'w da'rejesi uslubli'q wo'zgeshelikleri boyi'nsha da'l materiallar tiykari'nda bahalanadi'. Soni'n' menen birge bunda ha'zirgi zaman qaraqalpaq a'debiy tilindegi frazeologiyali'q so'z dizbekleri tuwrali' da so'z yetiledi. Filologiyali'q so'zliklerge si'patlama beriledi.

Bul miynet uluwma qaraqalpaq til ilimi leksikasin so'z yetip , wol ilimiy tiykarda jazi'lg'an miynetlerden yesaplanadi'. Bali'qshi'li'q leksikasi'na bul miynette az g'ana wori'n aji'rati'lg'an boli'p, wol da bolsa ka'siplik so'zlerdin' ishinde qarap, tu'sinik berip wo'tken. Degen menen, bul miynet qaraqalpaq til ilimi ushi'n, soni'n' ishinde leksika tarawi' ushi'n bahali' miynet boli'p woti'r.

Qaraqalpaq tili – qaraqalpaq xalqi'ni'n' milliy tili boli'p yesaplanadi'. Wol tariyxi'y da'wirler dawami'nda payda boli'p, qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi' menen ti'g'i'z baylani'sta rawajlandi' ha'm qa'liplesti. Bul rawajlani'w du'nyadag'i' basqa da tillerdin' rawajlani'w tariyxi'nday a'yyemgi kelip shi'g'i'wi'nan baslap ha'zirgi ku'ndegi qaraqalpaq milliy tili boli'p qa'liplesken da'rejesine shekemgi da'wirdi wo'z ishine aladi'. Qaraqalpaq tilinin' payda boli'wi' menen rawajlani'wi'n tu'siniw ushi'n uluwma ha'm ana tili degen ne, wol qalay payda boldi' ha'm qalay rawajlandi' degen ma'sele boyi'nsha so'z

yetiwimiz kerek. Bizge ma'lim, qaraqalpaq tili basqa tu'rkiy tilleri si'yaqli' rawajlani'p, kem-kem bayi'p woti'rdi'. Sol arqali' turmi's shi'nli'g'i'ni'n' u'zliksiz boli'p turatug'i'n wo'zgerislerin, jan'ali'qlari'n bayanlawda yen' aldi' menen ana tilimizdin' bar mu'mkinshiliginen paydalani'p woti'ri'ldi'.

Qaraqalpaq tili xali'q turmi'si'na baylani'sli' ha'r ta'repleme rawajlandi', woni'n' ja'miyetlik xi'zmeti ken'eydi. Tildin' ja'miyetlik xi'zmetinin' ken'eyiwi, sa'ykes funkcionalli'q uslublardi'n' rawajlani'wi'na ken' mu'mkinshilikler jarati'p berdi. ''A'debiy tildin' funkcionalli'q stillerinin' rawajlani'wi' menen qaraqalpaq leksikasi'ni'n' rawajlani'wi''' atli' monografiyali'q miynet usi' mashqalalardi' ilimiy ko'z-qarastan izertlewge qarati'lg'an. Jumi'sta a'debiy tildin' funkcionalli'q uslublari'ni'n' payda boli'wi', qa'liplesiwi haqqi'ndag'i' ma'seleler ha'r ta'repleme analiz yetiliwi menen qatar wolardi'n' qaraqalpaq leksikasi'ni'n' bayi'wi'na sebepshi tiykarg'i' derekler yekenligi ilimiy jaqtan bahalandi'. Publicistikali'q ko'rkem a'debiyat, ilimiy, terminologiyali'q, wo'ndirislik-texnikali'q, ra'smiy is qag'azlari'na baylani'sli' leksikali'q- uslubli'q qatlamlarg'a si'patlama beriledi, sinxroniyali'q bag'darda wolardi'n' rawajlani'w jollari' ta'riyplenedi.

Son'g'i' da'wirde dialektologiyali'q izertlewler tu'rli dialektler menen govorlardi'n' tiykari'nda ken'nen wo'ris aldi'. Na'tiyjede ko'p g'ana monografiyali'q miynetler jari'q ko'rdi. Ma'selen, D. S. Nasi'rov, Wo. Dospanov ''Qaraqalpaq dialektologiyasi'[1]'', Wo Dospanovti'n' ''Диалектная лексика каракалпакского языка в лингвогеографическом аспекте'' (Нукус,1992), T. Begjanov ''Qaraqalpaq tili dialektologiyasi'ni'n' ma'selelerinen'' miynetlerin atap ko'rsetsek boladi'. Bul miynetlerde awi'zeki so'ylew tilindegi dialektlik so'z toparlari' boyi'nsha ilimiy juwmaqlar islendi. Degen menen, dialektologiyali'q materiallar ji'ynaw ha'm woni' arnawli' tu'rde izertlew jumi'slari' 1930-ji'llardan baslap qolg'a ali'ng'anli'g'i'n bayqadi'q.

S.E. Malovti'n' '' Qaraqalpaq tili ha'm woni'n' izertleniwi'' (1934), N. A. Baskakovti'n' '' Qaraqalpaq tilinin' qi'sqasha grammatikasi' (1931-1932)

---

[1] D. S.Nasi'rov, Wo. Dospanov. Qaraqalpaq dialektologiyasi', No'kis, Bilim, 1995.

atli’ miynetlerinde dialektologiya soni’n’ ishinde tilimizdin' leksikali’q wo’zgesheliklerin az da bolsa so’z yetedi.

”Qaraqalpaq tili dialektologiyasi’ni’n’ ma’selelerinen” miynetinde Moynaq rayoni’ territoriyasi’na 1960-1961- ji’llardag’i’ dialektologiyali’q ekspediciya materiallari’, sonday-aq avtordi’n’ jeke bayqawlari’ tiykari’nda ju’zege kelgen. Bul miynette qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ so’z yetilip, wol ilimiy tiykarda jazi’lg’an miynetlerden yesaplani’p, qaraqalpaq til ilimi, soni’n’ ishinde dialektologiya tarawi’ndag’i’ bahali’ miynet boli’p woti’r.

Ha’r qanday a’debiy til sol tildin’ dialektleri ha’m govorlari’ ta’repinen de toli’g’adi’, bayi’ydi’ ha’m rawajlani’p woti’radi’.

Biz joqari’da ha’r qanday milliy a’debiy til sol tilde so’ylewshi xali’qti’n’ turmi’si’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’ degen yedik. Aldi’nlari’ a’debiy tilimiz xali’qti’n’ ku’n ko’risine, etnografiyali’q, tariyxi’y jag’daylari’na baylani’sli’ bolg’an bolsa, al ha’zirgi ku’ngi qaraqalpaq a’debiy tili ku’ndelikli jan’ali’qlar menen toli’g’i’p, bayi’p baradi’. Tek bir g’ana da’wirdegi a’debiy tildin’ normasi’ menen xali’qti’n’ talabi’n qanaatlandi’ri’w mu’mkin yemes. Biz bul jerde Moynaq govori’nda ushi’rasatug’i’n bali’qshi’li’q terminlerin na’zerde tuti’p woti’rmi’z. Sebebi, Moynaq govori’nda bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ bay leksika bar.Bul bayli’qti’ yele de bolsa izertlew, toli’qti’ri’w kerek. Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika oktyabr revolyuciyasi’nan keyin ilimnin’ ha’m texnikani’n’ g’awlap wo’siwi na’tiyjesinde ken’ wo’ris ali’p rawajlanbaqta.

Respublikami’zdi’n’ ekonomikasi’n ko’teriwde bali’q sanaati’ni’n’ tutqan worni’ u’lken. Bali’qshi’li’q tuwrali’ ko’p g’ana ilimiy miynetler ju’zege keldi. Wolardan L. Bergtin’ ”Aral ten’izi”, ”Aral ten’izinde bali’q awlawshi’li’qti’n’ ha’zirgi awhali’” , G. V. Nikolskiydin’ ”Aral ten’izinin’ bali’qlari’”, D. V. Albanovti’n’ ”Qaraqalpaqstanda bali’q xojali’g’i’” miynetlerin ko’rsetiwge boladi’. Usi’lar menen bir qatarda O’zbekistan Ilimler Akademiyasi’ Qaraqalpaqstan filiali’ni’n’ sektorlari’ ha’m labaratoriyalari’ni’n’ ali’p barati’rg’an problemali’q temalari’ni’n’ ishinde bali’qshi’li’q xojali’g’i’na

arnali’p izertlengen ha’m izertleniwge tiyisli jumi’slar salmaqli’ wori’ndi’ iyeleydi.

Degen menen bali’qshi’li’q leksikasi’ boyi’nsha yele izertlew joqti’n’ qasi’nda. Bir g’ana Wo. Seytovti’n’[1] bali’qshi’li’q ka’sibine arnalg’an maqalasi’ ha’m jol jo’nekey ayti’lg’an pikirler g’ana ushi’rasadi’.

Ilimpaz T. Begjanov wo’zinin’ ”Qaraqalpaq tili dialektologiyasi’ni’n’ ma’selelerinen” atli’ miynetinde bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ bir qansha atamalar jo’ninde pikir ju’ritedi. Wol bul miynetinde a’debiy tilimizde qollani’lmaytugin bali’qshi’li’q leksikasi’na toqtap, jergilikli xali’q tilinen mi’sallar keltiredi. Bul miynettin’ yekinshi babi’nda ”Terminalogiyali’q xarakterdegi atamalar” dep atap, wonda tiykari’nan bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika, bali’qta ushi’rasatug’i’n awi’ri’wlar, bali’qti’n’ dene quri’li’si’na baylani’sli’ atamalar, bali’qti’ awlaw qurallari’na baylani’sli’ atamalar dep bo’limlerge bo’lip, Moynaq govori’na ta’n leksikali’q birliklerdi keltirip wo’tken. Sonday-aq , basqa tillerden kirgen bali’qshi’li’q atamalari’ni’n’ awi’zeki so’ylew tilinde ayti’li’wlarin keltirip wo’tken.

Bul ka’sipke baylani’sli’ leksika a’debiy tilimizde qollani’lg’anda, a’debiy tilimizdin’ toli’g’i’wi’na, jetilisiwine, bayi’wi’na ko’mek beretug’i’n til materiallari’nan yesaplanadi’. Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika ilimnin’ ha’m texnikani’n’ tez pa’t penen rawajlani’wi’ na’tiyjesinde bayi’p barmaqta. Mi’sali’: basqa tillerden kirgen bali’q atamalari’ tiykari’nda wo’z so’zlik qatlamg’a kiretug’i’n bali’q tu’rlerinen basqa, awlaw qurallari’, bali’qti’ wo’ndiriste islep shi’g’ari’wg’a h.t.b. baylani’sli’ toli’p ati’rg’an atamalar payda bolmaqta. Biz wo’zimizdin’ magistrlik jumi’si’mi’zda mine usi’ bar bolg’an mag’luwmatlarg’a su’yenip, wolardi’ terminologiyali’q jaqtan toparlarg’a aji’rati’p, pikirlerimizdi ja’mlengen materiallar, mi’sallar tiykari’nda da’liyllewge, analizlewge umti’ldi’q.

---

[1] Wo. Seytov “Qaraqalpaq tilinde bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika”, „Jas Leninshi“ gazetasi’ ,42, 19-may, 1962.

## 1.2.Wo’z so’zlik qatlamdag’i’ bali’q atamalari’

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’ bir neshe tariyxi’y da’wirlerdi basi’nan keshirdi ha’m sol da’wirler dawami’nda toli’p ati’rg’an wo’zgerislerge ushi’radi’.

Tildin’ so’zlik qurami’ xali’qti’n’ ekonomikali’q, ma’deniy ha’m siyasiy turmi’si’ni’n’ wo’zgeriwi ha’m rawajlani’wi’ menen tikkeley baylani’sta bolatug’i’nli’g’i’ belgili. Usi’g’an baylani’sli’ tildin’ ishki rawajlani’w ni’zamlari’ arqali’ ishki ha’m si’rtqi’ derekler tiykari’nda jan’a tu’siniklerdi an’latatug’i’n jan’a so’zler so’zlik quramg’a yenip, al basqalari’ go’nerip, ha’tteki so’zlik quramnan shi’g’i’p qali’p ta woti’radi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ turmi’sti’n’ barli’q ta’replerin wo’z ishine alatug’i’n bay so’zlik g’a’ziyneden turadi’. Wol tildin’ ishki rawajlani’w ni’zamlari’na sa’ykes so’zdin’ payda boli’w, jasali’w usi’llari’, sonday-aq basqa xali’qlar menen qatnas na’tiyjesinde so’z awi’si’wi’ arqali’ ken’eyip, jetilisip kiyati’r. Bali’qshi’li’q leksikasi’ da basqa tillerden so’zlerdin’ awi’si’wi’, qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’na sol xali’qlar menen qatnaslar na’tiyjesinde do’regen so’zler kelip kiredi ha’m sol arqali’ tilimiz bayi’p woti’radi’.

Ha’r qanday tildin’ so’zlik qurami’ni’n’ tiykari’n ko’rsetetug’i’n so’zlik qatlam sol tildin’ wo’z so’zleri boli’p tabi’ladi’. Wolar xali’qti’n’ pu’tkil rawajlani’w tariyxi’ menen birge jasap ati’rg’an woni’n’ milliy wo’zgesheliginin’ so’zlik quramdag’i’ tiykarg’i’ ko’rinisinen derek beretug’i’n leksikali’q birliklerdin’ topari’nan turadi’. Bizin’ temami’z ”Bali’qshi’li’q leksikasi’” bolg’anli’qtan bul jumi’si’mi’zda so’zlik qatlamg’a kiretug’i’n bali’q atamalari’na toqtap, bildirilgen pikirlerge analiz jasaymi’z.

Ma’selen,

**1. Bali’q**-suwda jasawshi’, suwda ju’ziw ushi’n qalash ha’m quyri’qlari’ bar, sag’aqlari’ menen dem ali’wshi’ womi’rtqali’ suw ja’niwari’.

Bali’qti’n’ wo’miri suwda wo’ter.

Bali’g’i’ bolmag’an ko’li quri’si’n,

Kiyigi bolmag'an sho'li quri'si'n.

Ko'ldin' ati'n bali'q shi'g'aradi'.

Misali': Baliq toli' u'lken ji'li'mdi' tabanlap tartqan atlardi'n' pi'sqi'rg'ani', adamlardi'n' biri-birine su'ren salg'an dawi'slari', shaqalaq ati'p ku'lgeni, birewlerdin' birewlerge jekiringeni, tari's-kerisi, mektep woqi'wshi'lari'ni'n' qosi'q aytqan hawazlari', tag'ali' yetiklerdin' tabani'ni'n' muzg'a tiygen shaqi'rli'si', shanalardi'n' si'qi'rli'si' – barli'g'i' qosi'li'p Aral ten'izinin' ken' qoyni'nda simfoniyaday jan'lar yedi. (K.Sultanov. "Aqdariya")

**2. Bekire**-bali'qti'n' bir tu'ri, awzi' alqi'mi'nda, tumsi'qli', tikeneksiz bali'q. Wol baliqtin' ko'p jasaytug'in tu'rine jatadi. Bekirenin' uzinlig'i 2 metrdey boladi. Bekire suwdag'i' ja'nlikler menen , ayi'ri'm jag'daylarda mayda bali'qlar menen de awqatlanadi'. Araldag'i' yen' bahali' bayli'qlardan yesaplanadi'.

Bekire, sazan ushi'n awlari' bardi',

Qast yetken kisige dawlari' bardi'. (Berdaq)

Bekirege baylani'sli' "Bekirenin' tumsi'g'i tasqa tiymey qaytpaydi'" degen maqal da ayti'ladi'. Wol bali'qti'n' osetr tu'rine kiredi.

**3. Bo'rge**-sazan topari'na kiretug'i'n bali'qti'n' mayda tu'ri. Wol qara bo'rge dep te ataladi. Moynaq govori'nda bali'qti'n' bul tu'rin mo'n'ke , bo'rge, qara bo'rge dep atali'p ju'rgen tu'rleri bar. Bular ko'binese ko'ldegi suwlarda ko'p boladi'.

Ana bo'rgeni berman tasla!-dep qoli'n sozdi'. (N. Dawqaraev)

Ko'lge bari'p qaza saldi'm,

Anda-sanda bo'rge aldi'm. (Berdaq)

**4. Aq marqa**-bali'qti'n' bir tu'ri, iri bali'q, uzi'nli'g'i' 85 sm, salmag'i' 6 kg g'a shekem baradi'. Aq marqa ji'rtqi'sh bali'qlar qatari'na jatadi'.

Woni'n' qabi'rshagi' aqshi'l boladi'. Tikeni qatti' iri boli'p , yeti mazali' bali'qlar qatari'na jatadi'. Moynaq so'yleminde bul bali'qti' "aq marqa" yamasa "ko'kjon" dep te ataydi'. "Jergilikli xali'qti'n' "Ko'kjon", "ko'k torta", "yerniqi'zi'l" dep ataytug'i'nli'g'i'n G.V. Nikolskiy "Ribi Aralskogo morya"

degen miynetinde ko’rsetip wo’tken. Bunday dep atawshi’li’q a’debiy shi’g’armalarda da ko’zge taslanadi.

Mi’sali’: Suwda ko’k jon bali’qtay ju’zetug’i’nli’g’i’mdi’ biletug’i’n yedin’ g’oy. . (K.Sultanov. “Aqdariya”)

Aq marqa, su’wennin’ ha’r biri qoyday,
Ten’izde i’laqa ju’zedi qoyday. (A. Begimov)

**5. Aq sazan**-bali’qti’n’ tu’ri.

Bari’p ko’rsek qazag’a,
Aq shabaq penen aq sazan
Si’yg’ani’nsha toli’pti’.

6**. Aq shabaq-** bali’qti’n’ bir tu’ri. Wortasha salmag’i’ 2-2,5 kg boladi’. Bali’qshi’li’q ka’sibindegi yen’ a’hmiyetli bali’qlardi’n’ biri. Uwi’ldi’ri’q shasharda dushshi suw bar jerlerge wo’rlep kelip shashadi’. Moynaq so’yleminde bul bali’qti’ ”Tiran shabaq” dep te ataydi’. Maydaraq bali’qlardi’ usi’lay ataydi’.

Kanalda suw asti’n-u’stin lepirip,
Aydi’ni’nda aq shabaqlar sekirip. (I. Yusupov)

**7. Aq torta**-bali’qti’n’ bir tu’ri. Uzi’nli’g’i’ 40 sm, salmag’i’ 1200g

Aq torta ji’rtqi’sh yemes bali’qlar topari’na jatadi’. Formasi’ sazang’a uqsag’an boli’p, karp bali’qlar semyasi’na kiredi. Torta tu’rlerine qaray : aq torta , qi’zi’l qanat torta, ko’k moyi’n torta boli’p bo’linedi. Moynaq so’yleminde bul bali’qti’n’ ”qara torta ” degende tu’ri bar. Wol ko’ldin’ suwi’ni’n’ qara boli’wi’nan tu’ri qara boli’p, sonnan qara torta dep atali’p ketken.

Mi’sali’: Al tortalardi’n’ ko’p boli’wi’ yamasa birden joq boli’p qali’wi’ adam hayran qalarli’q na’rse. Yegerde ha’r ku’ni awg’a torta ku’ta’ ko’plep tu’sip tursa, gey ku’nleri qa’pelimde di’m da tu’spey qaladi.(A.Bekmuratov)

Bekire, su’wen, aq marqa,
Aq shabaq, sazan, aq torta,
Bali’qti’n’ worda ka’nisen’ (K. Sultanov)

Soni'n' ushi'n da tortani'n' ko'plep ju'rgen ku'nleri qa'dirli waqti'n'ni'n' ha'r bir saati'nan duri's paydalani'p, aw-quraldi' toli'q sali'w kerek. (A.Bekmuratov)

**8. Su'wen**- bali'qti'n' bir tu'ri, uzi'nli'g'i' 1mden aslam, salmag'i' 20 kgnan arti'q keletug'i'n iri bali'q. Wol ji'rtqi'sh yemesler qatari'na jatadi'. Su'wennin' yeti mazali' , semiz, yeti ti'g'i'z boladi', sonli'qtan bul bali'qti'n' wo'ndirislik a'hmiyeti zor. Moynaq so'yleminde bul bali'qti'n' to'mendegidey atamalari' bar .

„Panaxani' su'wen" basi' u'lken yeti mazasi'z boladi'.

„Qayza" – su'wennin' bir tu'ri, buni'n' da yeti mazasi'z, turi sarg'i'sh, yeti bi'lshi'raq boladi'.

„Utku"- bul su'wennin' kishilew mazali' tu'rine ayti'ladi'.

Mi'sali': Marqa, **su'wen,** sazan, jayi'n , shortani'n',
Gilen' wo'n'key bali'qlardi'n' sultani'n (Berdaq)

**9. Sazan**-iri, tez wo'siwshi bali'q, uzi'nli'g'i' 80-90 sm, 15 kg g'a jetedi.

...Yekinshi qoli'n sazanni'n' sag'ag'i'nan wo'tkerip jormali'na tas yetip baylap, shani'shqi' menen silkip-silkip jibergende, shan'i'shqi'dan ji'ri'lg'an sazan suwg'a du'mp yete qaldi'. (A. Begimov)

Sala qulash sari' sazan,
Sorpasi' boldi' bir qazan.

**10. Qi'li'sh shabaq**- wortasha u'lkenliktegi bali'q, uzi'nli'g'i' 45 sm, salmag'i' 800 grammdi' quraydi'. Bul bali'qti'n' bawi'ri' qi'li'shti'n' ju'zindey boladi'. Wo'zi kishkene bolsa da tikeni ko'p boladi'. . Moynaq so'yleminde bul bali'qti' qi'li'sh shabaq, qi'li'sh bali'q dep te tu'rlishe ayti'latug'inli'g'i' bayqaladi'.

Joqari'dag'i' mi'sallarda ko'rgenimizdey, xalqi'mi'zdi'n' tiykarg'i' bayli'g'i' bali'q bolg'an. A'sirese, da'rya ha'm ten'iz jag'asi'nda jasag'an xali'q tiykari'nan bali'q awlap, ku'n keshirgen. Wolar: su'wen, bekire, sazan, shabaq, marqa, i'laqa, torta, qi'li'sh bali'q, shortan, ti'ran, toqi' bali'q h.t.b. boli'p tabi'ladi'.

Bali’qshi’li’q leksikasi’n izertlew bari’si’nda bali’qlardi’n’ tu’rleri, atamalari’ ju’da’ ko’p yekenligin bayqadi’q. Ma’selen, bali’qti’n’ tu’rlerine baylani’sli’ ta’shir yamasa ta’shir bekire, shoqi’r, sumi’ray (sumuray, panaxani’ sazan, si’payi’ bali’q, panaxani’ su’wen, qayaz, aq torta, qi’zi’l qanat torta, ko’k moyi’n torta, ko’k jon, yernig’i’zi’l, qarako’z, shamay, jumi’r, si’la, tisli meshel, qarasheshek, toqi’ bali’q, qurtqa bali’q, qumi’r bali’q h.t.b. toli’p ati’rg’an bali’q atamalari’ a’debiy tilimizde ushi’raspaydi’.

A’debiy tilimizde sonday-aq, jergilikli jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ shi’g’armalari’nda ushi’rasatug’i’n bekire, sazan, su’wen, taban, shortan, alabug’a, h.t.b. atamalar Moynaq govori’nda semantikali’q jaqtan wo’zgeshe ma’nide qollani’ladi’.Ma’selen, biz ha’mmege belgili „sazan“ so’zin ali’p qarayi’q. Sazan dep so’ylemde 4,5 kg nan arti’qlari’n ataydi’. A’debiy tilimizdegi mag’anasi’ asi’mli’qqa jarasa sazan dep ataladi’. Ha’tteki sazandi’ ji’ni’si’na bo’lip qarap, sazanni’n’ yerkegin „panaxani’ sazan“ dep ataydi’.

Ayi’ri’m a’debiyatlarda „sazan“ dep iri, tez wo’siwshi bali’qti’ ataydi’, Uzi’nli’g’i’ 80-90 sm, salmag’i’ 15 kg g’a jetedi. Bizin’ leksikami’zda „sazan“ termininin’ ken’ yen jayi’wi’nda bul bali’qti’n’ ha’r qi’yli’ jag’daylarg’a jaqsi’ iykemlese alatug’i’n bolg’anli’qtan xali’q arasi’nda bali’qshi’li’q ka’sibinde ken’ tarqalg’an bali’qti’n’ bir tu’ri.

Sonday-aq, bekire so’zin ali’p qarasaq ta uluwma a’debiy tilimizde awzi’ tumsi’g’i’ni’n’ asti’nda bolsa bekire bali’q dep tu’sinile beredi, al so’ylemde bekire dep bir metrden asqanlari’n g’ana atap, bir metrge jetpeytug’i’n maydalari’n ta’shir, ta’shir bekire dep ataydi’.

Mi’sali’, Bekirenin’ tumsi’g’i’ tasqa tiymey qaytpaydi’.

Bular nag’i’z „domalaq arzashi’l“

Bekirege de jazg’an arzasi’n...(S. Z)

Ja’ne bir a’debiyatlarda ko’rsetiwinshe , bekire Araldag’i’ yen’ bahali’ bali’qlardan yesaplanadi’. Bekire 125-175 sm, salmag’i’ 19-31 kg boladi’ dep ko’rsetedi. Bekire-bali’q tu’ri toli’q joq boli’w aldi’nda turg’an, ekologiyali’q

apatshi'li'qti'n' rawajlani'w saldari'nan Aral ten'izinde bekireler joq boli'p ketken degen mag'luwmatlar ushi'rasadi'.

”**Su'wen”** so'zin ali'p qarasaq ta ma'nilik jaqtan bir qansha wo'zgeshelikke iye. Bul bali'qti'n' Moynaq so'yleminde, ”Si'payi' bali'q, panaxani' su'wen, qayaz, ”utku” atamalari' bar. Bali'qshi'lar uluwma qa'siyetine qarap ”si'payi' bali'q”, ji'ni'si'na qaray ”panaxani' su'wen”, si'rtqi' formasi'na qarap ”qayaz”, sapasi'na qaray ”utkus” (bul su'wennin' kishilew, semiz, mazali' tu'ri) dep at berip, wol a'debiy tilimizde barli'g'i'n juwmaqlasti'ri'wshi' tek ”su'wen” degen atama qollni'ladi'. Mi'sali':

Gilen' su'wen bali'q, kemeler toli',

Ku'ndegiden ba'lent qi'zlardi'n' qoli' (A'. Shamuratov )

***Su'wen***- bali'qti'n' hasi'l, semiz tu'ri.

Su'wen iri bali'qlar qatari'na kirip, ji'rtqi'sh yemesler semyasi'na jatadi'. Su'wennin' yeti mazali', semiz, yeti ti'g'i'z boladi'.

**Si'payi' bali'q**-su'wen bali'qti' bali'qshilar usi'lay ataydi'[1]. Woni'n' yeti mazali', semiz ha'm ti'g'i'z boli'p keledi. Panaxani' su'wen-su'wen bali'qti'n' tu'ri. Basi' u'lken, yeti wonsha mazali' bolmag'an, uwi'ldi'ri'q shashi'p azi'p ketken waqti'na baylani'sli' wog'an usi'lay dep at qoyi'lg'an[2].

Joqari'dag'i' mi'sallardan ko'rinip turg'ani'nday, bir g'ana su'wen bali'g'i'ni'n' bes tu'ri bar yeken.

***Shortan*** ji'rtqi'sh bali'qlar qatari'na jatadi'. Wol yeki tu'rli boladi'. Birinshi, ten'izdegileri “sari' shortan”, yekinshi, al ko'ldegi jasaytug'i'nlari' “qara shortan atamalari'na iye[3]”. Shortan bali'qlardi'n' denesi uzi'nsha kelgen, basi' su'yir, wo'zinen kishi shabaqlardi' jeytug'i'n bali'q boli'p, denesinin' uzi'nli'g'i' 60-70 smge, salmag'i' 4-5 kg ayi'ri'm tu'rleri 1,5 m ha'm 30 kg g'a shekem wo'sedi. Shortanlar jemtigin wo'simlikler arasi'nda an'li'p turi'p topi'li'wshi' ji'rtqi'sh, iri boli'p, wolardi'n' awqatli'g'i'nda tiykarg'i' wori'ndi' bali'qlar quraydi'.

Mi'sali': Boli'p qi's napaqa shortan shabag'i'n',
Biraz adam awqat yetken Ko'ksheyil (S. Nuri'mbetov)

Shabaq bolar an'li'g'ani' shortanni'n'. (Qi'rq qi'z)

Shortan bali'q haqqi'nda xali'q awzi'nda mi'nanday ani'z, a'psanalar bar:

1) Qaraqalpaqlar Xiywa xani'na bali'qti' jiberip turg'an. Xan Aral ten'izindegi bali'qlardi' ko'rip qayti'wg'a shori'si'n jibergen. Xiywag'a buri'n "shortan" apari'lmag'an yeken. Shori' bul bali'qti' ko'rip tan' qaladi'.

Sonli'qtan, shori' tan' shori' tan' qaldi' degennen kelip shi'qti' degen pikirdi informatorlar beredi.

2) Xiywadan bali'q sati'p ali'p ketiw ushi'n sawdagerler keledi. Qaraqalpaqlar usi' shortan bali'qti' maqtaydi'. Sonda sawdagerler aytqan deydi:" shortani'n' jaqsi' bolganda Xiywag'a barmaspedi" dep.

Bul bali'qti'n' ati'na baylani'sli' pikirler. A'lbette, bul pikirlerdin' duri'sli'li'g'i'n qarasti'ri'w kerek.

**a) Bali'qti'n' ko'lemine qaray tu'rlerinin' atamalari'**

a) ***Iri ko'lemli, awi'r salmaqli' bali'q atamalari'***.

1**) Jayi'n-** ha'dden ti's, wog'i'ri' u'lken bali'q, bali'qlardi'n' yen' u'lken tu'ri.

Misali': Jayi'n jemekke qayi'm.

…Dedi jayi'n tari'ko'zi ji'lti'rap,
Tortag'a woq na'zerde bir qarap.
Wortag'a torta shi'qti',
Arza beriwin berse de,
Jayi'ng'a qarap qorqa, qorqa shi'qti'.

2**) I'laqa-** ju'da' u'lken bali'q, go'shi mayli', tikeneksiz, tu'si qara, awzi' u'lken, jayi'nnan kishilew bali'q.

Mi'sali': Yeger qarmaqqa tu'sken bali'q qatti' tuwlasa , wol waqi'tta arqali'qti' qoldan jiberip qali'w kerek, al yeregisip qatti' tutsan'iz ji'ri'li'p yamasa jipti u'zip ketiwi mumkin, azdan keyin tag'i' da jag'alap tartasan' ,

solay yetip juwasi'ydi', jaqi'n kelgennen keyin shaqqan ha'reket yetip ,woni' alarda kemedegi arnawli' islengen qarmaqti' i'laqani'n' awzi'na tag'i wo'tkerip ali'w kerek. (A.Bekmuratov)

Tap usi'manda ag'am na'ha'n taynapi'r bir **i'laqani'** shanshi'p alg'an yedi,- dedi Ayqiz so'zin dawam yetip **,- i'laqada** u'lken bola berer yeken , men sog'an yele tan' qalaman. Tap usi jerde , yeki i'laqa qatarlasi'p , ju'rgeninde jati'p ayaq-qoli'm menen woynag'an yegiz jas bo'bektey biri-birine qarap qalashlari' menen suw su'zip, sag'aqlari' menen suwdi' urtlap to'gip woynap turg'an waqi'tta , ag'am qasi'ndag'i yeskekshi balag'a , mag'an shani'shqi'ni' bershi!- dep shani'shqi'ni' qoli'na ali'p ushi'na arqandi' bayladi' da, qaysi'si'na shani'shayi'n dedi, yeskekshi bala :_-"anaw turg'an **qara jaldi'**",- dedi. (A.Begimov. "Baliqshinin' qizi")

Sol waqi'tta u'lken bir **i'laqa** tapsi'ri'ladi', yeki adam ko'tere almay turg'anda … (A'. Shamuratov.)

A'debiy mag'luwmatlarg'a qarag'anda, A'miwda'ryani'n' to'mengi ag'i'mi'nan uzi'nli'g'i' 5m den, salmag'i' 300 kg nan arti'q keletug'i'n i'laqa uslang'an: I'laqa bali'q O'zbekistanni'n' barli'q tegis jerlerdegi suw qorlari'nda ushi'rasadi'. I'laqa jergilikli adamlardi'n' awi'zeki tilinde woni'n' jayi'n, qarajal, meshel, qara meshel, i'lapi'sh degen atamalari' da ayti'ladi'[2].

3) **I'lapi'sh**- i'laqa bali'g'i'ni'n' su'yegi az tu'ri. J i'rtqi'sh bali'q, tu'rli bali'qlar, quslar, suwda jasaytug'i'n su't yemiziwshiler menen de awqatlanadi'. Mis: Kemege u'lken i'laqani' bagor menen salatug'i'nlig'i' ha'mme bali'qshi'g'a da ma'lim. (A.Bekmuratov)

**4) Qara jal-**i'laqa bali'g'i'ni'n' kishilew tu'ri. Bul bali'qti'n' ren'ine qaray atalg'an bolsa kerek. Sebebi ko'ldegi i'lay, qara suwda jasap solay atalg'an. Qara jal a'debiy tilde i'laqa so'zine sinonim si'pati'nda da qollani'ladi'. Mi'sali': Qarmaqti' i'laqani'n' awzi'nan wo'tkerip alg'annan keyin ja'ne soqi' menen urasan', urg'anda da basi'na urg'an menen hesh ku'sh

bermeydi, soni'n' ushi'n qarajaldi'n' asti'n'g'i' iyegine uri'w kerek. (A.Bekmuratov)

5) **Meshel-** i'laqa bali'g'i'ni'n ' kishkene tu'ri. Bul bali'qti'n' "meshel" atamasi' menen atali'wi'na qi'zi'g'i'p ko'rgenimizde, bizde meshel so'zi ju're almaytug'i'n, qoli'nan hesh qanday is kelmeytug'i'n, uqi'psi'z degen ma'nilerde qollani'lip ju'ripti. Bul bali'qti'n' da ayi'ri'm qa'siyetlerine qarap usi'lay atag'an bolsa kerek. Sebebi, bul atamag'a baylani'sli' qaraqalpaq tilinin' leksikasi'nda ani'g'iraq hesh qanday mag'luwmat ushi'ratpadi'q. Sonday-aq, ko'lemi u'lken, salmaqli' bali'qlar qatari'na bekire, shortan bali'qlari'n kirgizsek boladi'.

6) **Bekire-1**25-175 sm uzi'nli'qqa iye, 19-31 kg salmaqqa iye boli'p keledi.

Bekire, sazan ushi'n awlari' bardi'

Qast yetken kisige dawlari' bardi'.

7**) Shortan**- 60-70 sm uzi'nli'qqa iye, 4-5 kg salmaqqa iye boli'p ayi'ri'mlari' 1,5 m boli'p 30 kg g'a shekem wo'sedi.

Mi'sali': Shabaq bolar an'li'g'ani' shortanni'n'.

Bekire, shortan si'yaqli' bali'qti'n' bul tu'rleri Aral ten'izindegi apatshi'li'q sebepli joq boli'p ketiw aldi'nda tur. Ha'zirde tek g'ana suw qorlari'nda g'ana ushi'rasadi'.

8) **Shoqi'r bali'q-** teni'zde ju'zetug'i'n, uzi'n tumsi'qli' u'lken bali'q. Shoqi'r- Kaspiy ten'izinen Aralg'a son'g'i' ji'llar ishinde a'kelip jiberilgen. Sonli'qtan Kaspiy ten'izindegi bali'qshi' qazaqlar tilinde qalay atalatug'i'n bolsa solay bizge de kelip kirgen boli'wi' kerek. Jergilikli xali'q usi'lay ataydi'. Bul bali'qta bali'qti'n' osetr tu'rine jatadi'. Buni'n' tumsi'g'i' uzi'n, yetinde tikeni bolmay, tek shemirshekten turadi'.Salmag'i' 10 kg boli'p ji'rtqi'sh bali'qlar qatari'na kiredi.Moynaq govori'nda "shoqi'r" formasi'nan go'ri "severyuga" dep atalatug'i'ni'n bayqadi'q.

9) **An'qi'ldaq shortan**- shortan bali'qti'n' bir tu'ri. Denesi uzi'nsha, denesi su'yir, wo'zinen kishi shabaqlardi' jeytug'i'n bali'q. Bali'qshi'lar bul bali'qti' uslaw an'sat bolg'anli'g'i' ushi'n da usi'nday atama menen atag'an.

10) **Toqi' bali'q**- bali'qti'n' bir tu'ri. A'debiy tilde "qi'zi'l bali'q" dep te ju'ritiledi. Ji'rtqi'sh yemes, yeti semiz, iri bali'q salmag'i' 10 kg g'a jetedi. Bul bali'q Aral ten'i'zine basqa jerlerden ali'p kelinip jiberilgen.

11) **Si'la-** ji'rtqi'sh tisli bali'q . Ten'izde de, da'ryada da ko'plep ushi'rasadi'. Woni'n' qabi'rshaqlari' iri, ju'da' tikenekli ayqasqan tisleri boladi'. Bul si'pati'na qarap bali'qshi'lar atalg'an bali'qti' "tisli bali'q" dep te ataydi'. Iri, tez wo'siwshi si'la bali'g'i' uzi'nli'g'i' 1m, salmag'i' 15-20 kg g'a jetedi.

Mi'sali': -Aprel ayi'ni'n' baslari'nda, a'sirese, **si'la** ko'p boladi'**. Si'lani'** awdan ko'plep uslaw ushi'n u'lken ta'jiriybe kerek._ (A.Bekmuratov)

Si'la bali'q wotlaw ushi'n shalanda ha'm qami'sli'qta ku'ta' to'mennen, ha'tte to'si jerge tiyin'kirip ju'redi, asti'nan wo'tken si'la bali'qlar bizin' awg'a tu'sedi. (K.Sultanov. "Aqdariya")

12) **Ji'lanbas bali'q**- bali'qti'n' iri tu'ri. Uzi'nli'g'i' 1metr, salmag'i' 10 kg ha'm wonnan da arti'q keletug'i'n bali'q. Suwsi'z bes ku'nge shekem jasawi' mu'mkin. 1961-ji'li' Qi'taydan ali'p kelingen. Ha'zirgi waqi'tta barli'q suw qorlari'nda ushi'rasadi'. "Ji'lan bas" atamasi' bali'qti'n' denesi iri, biraq basi' kishi ja'ne ji'lan ta'rizli bolg'anli'g'i' ushi'n usi'lay atalg'an.

13**) Qazi'q bas bali'q**- iri bali'q uzi'nli'g'i' 70-80 sm, salmag'i' 4 kg. Ji'rtqi'sh bali'q boli'p, tiykari'nan bali'qlar menen awqatlanadi'. Jeke hali'nda tirishilik yetedi. Ha'zirgi waqi'tta joq boli'p barati'rg'an tu'r. Bul bali'qti'n' basi' suyir boli'p , qazi'qqa uqsap ketedi. Sol sebepli bul bali'q usi' atama menen atali'p ju'r.

14) **Tisli bali'q**- bali'qti'n iri tu'ri yesaplanadi'. Geypara jag'daylarda bul so'z si'la ha'm shortang'a da baylani'sli' ayti'ladi'.

15) **Sumi'ray**-sumi'ray bekire tuqi'mlas, ji'rtqi'sh bali'qlar topari'na kiredi, basi' jalpaq. Formasi' kishkene qalashi' boladi'. Wol u'lken sumi'ray

ha'm kishi sumi'ray boli'p yekige bo'linedi. Uzi'nli'g'i' yari'm metrden zi'yati'raq[1].

Mi'sali: Sumi'ray kelse suw quri'ydi'.

"Sumi'ray" so'zinin' leksikali'q ma'nisine itibar beretug'i'n bolsaq, bizde sumli'qli', zali'm, wo'tirikshi adamlarg'a qarata qollani'latug'i'n so'z yekenligin ani'qladi'q. Degen menen, bul leksikali'q ma'ninin' bali'q atamasi'na qatnasi' bolmasa kerek dep yesaplaymi'z. Bul bali'q lopatonos dep te atali'p, wolar kishi sumi'ray , u'lken sumi'ray boli'p bo'linedi.

16) **Sazan- karp** bali'qlari' semyasi'na kiredi. Uzi'nli'g'i' 1 metrden aslami'raq, salmag'i' 15-20 kg day boladi'. Sazan dep Moynaq so'yleminde 4-5 kg nan arti'qlari'n atasa, basqa rayonlarda bir asi'mli'qqa jarasa sazan atama beredi.

*Marqa, su'wen, sazan, jayi'n, shortanni'n'*,
Gilen' wo'n'key bali'qlardi'n' sultani'n,
Jep ha'z yetip, suw menen qi'r wortani'n',
Sorpasi'na qani'p keldim ballari'm. (Berdaq).

**17) Su'wen**- iri bali'qlar qatari'na kirip, ji'rtqi'sh yemesler semyasi'na jatadi'. Su'wennin' yeti mazali', semiz, yeti ti'g'i'z boladi'.

Mi'sali':

Gilen' su'wen bali'q , kemeler toli',
Ku'ndegiden ba'lent qi'zlardi'n' qoli'. (A'. Shamuratov )

Bul bali'qti'n' Moynaq so'yleminde, "Si'payi' bali'q, panaxani' su'wen, qayi'z, "utku" atamalari' bar. Bali'qshi'lar uluwma qa'siyetke qarap "si'payi' bali'q", ji'ni'si'na qaray "panaxani' su'wen", si'rtqi' formasi'na qarap "qayaz", sapasi'na qaray "utkus" (bul su'wennin' kishilew, semiz, mazali' tu'ri) dep at berip, wol a'debiy tilimizde barli'g'i'n juwmaqlasti'ri'wshi' tek "su'wen" degen atama qollani'ladi'.

### b) Ko’lemi jag’i’nan kishi bali’q atamalari’

**1) Qurtqa bali’q-** bali’qti’n’ mayda tu’ri, shabaq si’yaqli’ bali’qlar topari’na kiredi. Qaraqalpaq tilinin’ Moynaq so’yleminde ”shabaq” ati’ menen belgili.

Mi’sali’: Bali’qti’n’ bir atamasi’ *qurtqa bali’q*,

Belgili bolg’an yeken jurtqa bali’q.

**Qurt shabaq-** shabaqti’n’ mayda bir tu’ri. Bul atamani’n’ etimologiyasi’na itibar beretug’i’n bolsaq, ”qurt si’yaqli’, qurtqa usag’an, kishkene” degen ma’nini an’latadi’.

**2) Shabaq-** bali’qti’n’ mayda tu’ri.

Sali’p jegenin’ *torta shabaq*. (Wo’tesh)

Qosi’q aytar bali’qshi’ qi’z qayi’qta,

Ji’li’mi’nda gu’mis *shabaq* woynatqan. (T. Seytjanov)

Wortasha salmag’i’ 2-2,5 kg boladi’. Bali’qshi’li’q ka’sibindegi yen’ a’hmiyetli bali’qlardi’n ’ biri. Shabaqlar da’ryada da ten’izde de boladi’. Shabaqti’n’ aq shabaq, ti’ran shabaq h. t. b. tu’rleri bar.

**3) Mo’n’ke** - bali’qti’n’ kishkene bir tu’ri. Bali’qti’n’ mayda tu’rlerin mo’n’ke dep te ataydi’.

Mi’sali’: Moynaq govori’nda bali’qti’n’ bul tu’rin mo’n’ke , bo’rge, qara bo’rge dep atali’p jurgen tu’rleri bar. Bular ko’binese ko’ldegi suwlarda ko’p boladi’.

Ana bo’rgeni berman tasla!-dep qoli’n sozdi’. (N. Dawqaraev)

Ko’lge barip qaza saldim,

Anda-sanda bo’rge aldim. (Berdaq)

Kemege bari’p yeki mo’n’ke a’kelip qi’rshi’p kespeledi. (K. Sultanov).

4**) Ti’ran bali’q-**buni’ ti’ran shabaq dep te ataydi’. Bali’qti’n’ mayda tu’ri, wol wo’zinin’ formasi’ boyi’nsha aq shabaqqa ju’da’ uqsas. Ilimpazlardi’n’ ayti’wi’nsha, wol torta menen shabaqti’n’ qospasi’nan payda bolatug’i’nli’g’i’n ko’rsetedi. Tek g’ana ta’jiriybeli bali’qshi’lar g’ana bulardi’ bir-birinen ayi’ra aladi’.

Ti’ran bali’q- bali’qti’n’ kishkene tu’ri boli’p qalmay wol uzi’ni’na yemes, kesesine wo’setug’i’n jalpaq tu’ri. Ti’ran Moynaq so’yleminde ”ti’ran” , ti’ran shabaq, aq ko’z bali’q, qarago’z dep aralasi’p ayti’la beredi.

**5) Torta**- bali’qti’n’ mayda tu’ri. Asi’p jewge kelmeytug’i’n tu’ri.

Mi’sali’: Toparlani’p *torta* ju’r,
Nurjanovti’n’ qoli’nan,
Kelmeydi dep jorta ju’r.
Tu’yesilmes bali’g’i’,
Kim su’ymesin Araldi’
*Su’wen, sazan, tortasi’*,
Jer ju’zine taraldi’. (T.Seytjanov)

Torta ji’rtqi’sh emes bali’qlar topari’na kiredi. Formasi’ azang’a uqsag’an boli’p, karp bali’qlari’ni’n’ semyasi’na kiredi. Torta tu’rlerine qaray aq torta, qi’zi’l qanat torta , ko’k moyi’n torta boli’p bo’linedi. Bulardan basqa govorda ”qara torta” degen de tu’ri bar. Wol ko’ldin’ suwi’ni’n’ qara boli’wi’na baylani’sli’ tu’ri qara boli’p sonnan ”qara torta” dep atalg’an.

6**) Qara go’z**-qara ko’z, aq shabaqti’n’ tu’rine uqsas semiz, maydalawdan kelgen bali’q.Woni’n’ wortasha u’zi’nli’g’i’ 25-30sm ge jetedi.Bul bali’qti’n’ ko’zinin’ ren’ine baylani’sli’ bul atama kelip shi’qqan. Bul bali’q ta kishi bali’qlar qatari’na kiredi.

7**) Yerni qi’zi’l**-aq marqa bali’g’i’ni’n’ jergilikli atamasi’.

8**) Ko’k torta**- aq marqa bali’g’ini’n’ jergilikli atamasi’.

9**) Ko’k moyi’n**- bali’qti’n’ tu’ri.

**10) Aq shabaq**- shabaqti’n’ bir tu’ri.Uzi’nli’g’i 45 sm, salmag’i’ 3kg g’a jetiwi mu’mkin.Kanallarda, ko’llerde jasawshi’lari’ ju’da’ mayda 10-15 sm boli’wi’ mu’mkin.

*Aq shabaq taq* ju’zbes mo’ldir suwlarda,
Taq ushpaydi’ qus patshasi’ quwlar da. (S.Ziyawov)

**11) Aq marqa-** marqa bali’g’i’ni’n’bir tu’ri.

Aq marqa, su’wennin’ ha’rqaysi’ qanday,

Ten’izde i’laqa ju’zedi ayday. (A. Begimov)

**12) Ala bug’a**- bali’qti’n’ bir tu’ri. Woni’n’ barli’q jeri ala bolg’anli’qtan usi’lay atalg’an. Yetinde su’yegi bar, tikeni joq. Tu’ri jag’i’nan si’lag’a usas boli’p keledi. Qalashlari’ qi’zi’l, qabi’rshaqlari’ tikenek si’yaqli’.

**13) Torsha**- qarako’z bali’qti’ bali’qshi’lar usi’lay ataydi’.

Bul mi’sallardag’i’ atamalardi’n’ etimologiyasi’na itibar berip qarasaq, sol bali’qlardi’n’ ren’i’nen kelip shi’qqan halda bali’qshi’lar ta’repinen ken’ tu’rde qollani’li’p ju’rgen atamalar yekenligin bayqadi’q. Ma’selen, aq shabaq, qi’zi’l yerin, ko’k torta, qara ko’z h.t.b. ko’plegen atamalar sol bali’qlarda bar bolg’an ren’ge, qa’siyetke ha’m wo’zine ta’n wo’zgesheliklerge baylani’sli’ payda bolg’an ha’m ha’zirde qollani’li’p ju’r.

**14) Qara bali’q**- bul ren’ge baylani’sli’ yemes, ja’mlestiriwshi ma’nide payda bolg’an atama. Sebebi, shabaq, sazan, torta, shortan, h.t.b. bali’qlardi’n’ topari’n jergilikli bali’qshi’lar so’ylew tilinde ”qara bali’q” termini menen ataydi’.

**15) Qumi’r**- bali’qqa baylani’sli’ atama, biraq bali’qti’n’ tu’ri yemes. Aq shabaqti’n’, sazanni’n’ yen’ semiz, jaqsi’lari’n usi’lay ataydi’[1].

**16) Taban bali’q**- taban bali’q si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha sazang’a uqsas, biraq wonnan tompag’i’raq bali’qti’n’ tu’ri.

Mi’sali’: Bali’qti’n’ bir atasi’ taban bali’q,

Ju’rmeydi qamshi’lasa shaban bali’q.

**17) Ayqulaqli’ sazan**- sazanni’n’ u’lken tu’ri.

Mi’sali’: Ayqulaqli’ sazan beyishten shi’qqan deydi. (K. Sultanov).

**18) Ayg’ulaq**- bali’q ag’zalari’ni’n’ biri, bas su’yeklerinin’ yen’ ishindegi yen’ u’lkeni. Bul yeki atama da bali’qqa baylani’sli’ qollani’li’p, biri bali’qti’n’ tu’rin bildirse, yekinshisi bali’qti’n’ bir bo’legin yag’ni’y, su’yegin, ayg’a megzes, ayg’a uqsas bolg’an su’yegin an’latadi’. Ten’izde, uzaq atawlarda jati’p, bali’q awlag’an jag’daylarda ayg’ulaqqa sorpa quyi’p ta ishetug’i’n bolg’an[1].

**19) Bo’rge-** qara bo’rge sazanni’n’ kishkene tu’ri. Moynaqshi’lar buni’ ”bo’rge”, ”qara bo’rge”, ”mo’nke” dep te ataydi’. Bular ko’binese ko’ldegi suwlarda jasaydi’. Moynaq govori’nda bali’qti’n’ bul tu’rin mo’n’ke , bo’rge, qara bo’rge dep atali’p jurgen tu’rleri bar. Bular ko’binese ko’ldegi suwlarda ko’p boladi’.

Ana bo’rgeni berman tasla!-dep qoli’n sozdi’. (N. Dawqaraev)

Ko’lge barip qaza saldim,

Anda-sanda bo’rge aldim. (Berdaq)

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tilinin’ bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ so’zlerin izertley woti’ri’p, to’mendegidey juwmaqqa keldik: Birinshiden, izertlegen bali’qshi’li’q leksikasi’ qaraqalpaq a’debiy tili menen tu’rkiy tilles topari’na kiretug’i’n bir qansha tiller menen sali’sti’ri’p izertlew yen’ a’hmiyetli derek yekenligi belgili boldi’. Yekinshiden, bali’qshi’li’q leksikasi’ ka’siplik so’zler ishinde basqa ka’siplik so’zlerge sali’sti’rg’anda ko’p g’ana ayi’rmashi’li’qlarg’a iye, yag’ni’y bali’qshi’lar leksikasi’nda yele de bolsa paydalani’p ati’rg’an bayli’qlar bar. Bul bayli’qlardi’ a’debiy tilimizdin’ paydalani’wi’na bergenimizde a’debiy tilimiz toli’g’adi’, bayi’ydi’, rawajlanadi’.

## 1.3. Qazaq tilinen kirgen bali’q atamalari’.

Qaraqalpaq xalqi’ a’zelden qazaq xali’qlari’ menen qon’si’las jasap kelgen. Woqi’w- woqi’ti’w isleri de qaraqalpaq, qazaq, rus, wo’zbek tillerinde ali’p bari’ladi’. Ma’selen, bir g’ana Moynaq rayoni’ni’n’ U’rge, U’shsay, Aqbetkey, Qarabayli’ territoriyalari’nda ko’plegen qazaq milletine tiyisli adamlar wo’mir su’redi. Moynaq rayoni’ tariyxi’y jaqtan da, ta’biyiy jaqtan da basqa rayonlarg’a qarag’anda ayri’qsha wo’zgeshelikke iye. Usi’g’an baylani’sli’ xali’qti’n’ so’ylewi de basqa rayondag’i’ jasawshi’ xali’qti’n’ so’ylewi menen sali’sti’rg’anda, a’sirese, leksikasi’nda ko’p g’ana wo’zgesheliklerdi ko’remiz.

Ba’rshemizge ma’lim, qaraqalpaq ha’m qazaq tilleri tu’rkiy tiller semyasi’ni’n’ qi’pshaq topari’, qi’pshaq-nog’ay shaqapshasi’na kiretug’i’n yen’ jaqi’n tiller boli’p tabi’ladi’.

Su’wen termini haqqi’nda so’z yetkenimizde su’wendi si’rtqi’ formasi’na qarap[1] ”qayaz, qayi’z” degen atama menen atalatug’i’nli’g’i’ haqqi’nda mag’luwmatlar keltirip wo’tken yedik. ”Qayza” (Turkestanskiy uchas) su’wennin’ bir tu’ri. Buni’n’ yeti mazasi’z, tu’ri sarg’i’sh, yeti bi’lji’raq boladi’. ”Qayaz” qazaq tilinde su’wen bali’qti’n’ wo’zine jumsalatug’i’n termin boli’p tabi’ladi’. ”Qayaz” bul bali’qti’n’ atamasi’. Yendi biz bul so’zdin’ wo’zimizde qollani’p ju’rgen ma’nisine itibar qaratayi’q.

**Qayaz-**awqat bolatug’i’n ha’r qi’yli’ zatlardi’n’ ko’p turi’wi’ni’n’ na’tiyjesinde mayi’sqaq boli’p ketiwi[1].

Demek, qazaq tilindegi su’wennin’ bi’lshi’raq yetli, mazasi’z tu’rin ”qayaz” termini menen atali’wi’ bizdegi ”qayazi’w” so’zine leksika-semantikali’q jaqtan jaqi’nli’g’i’n bayqaymi’z.

Sonday-aq, ”qi’li’sh bali’q” terminin ali’p qarayi’q. Bul bali’qti’n’ bawi’ri’ qi’li’shti’n’ ju’zindey bolg’ani’ ushi’n da bul bali’qqa ”qi’li’sh bali’q” atamasi’ berilgen. Wo’zi kishkene bolsa da tikeni ko’p boladi’. Moynaq so’yleminde bul bali’qti’, ”qi’li’sh shabaq, qi’li’sh bali’q” dep tu’rlishe ayti’latug’i’nli’qlari’ bayqaladi’. Degen menen, bul termin qazaq tilinde shekan, shexan[2] dep atalatug’i’nli’qlari’ ko’rsetilgen.

Ja’ne de, ”i’laqa” terminin ali’p qarayi’q. I’laqa- ji’rtqi’sh bali’q, iri i’laqalar tu’rli bali’qlar, quslar ha’m suwda jasaytug’i’n su’t yemiziwshiler menen awqatlanadi’.

Bali’qti’n’ bir atasi’ i’laqa bali’q,

Basi’nda aydari’ bar baqa bali’q.

Bul bali’q Moynaq so’yleminde ”i’lapi’sh”, wonnan kishilerin ”meshel”, ”qara meshel” dep ataladi’. Al qazaq tilinde ”laqa” dep ju’ritiledi[1]. (laqqa bali’q, jayi’n) degen ma’nilerdi an’latadi’.

**Bo’rge**-sazanni’n’ kishkene tu’ri. Moynaq govori’nda bali’qti’n’ bul tu’rin mo’n’ke , bo’rge, qara bo’rge dep atali’p jurgen tu’rleri bar. Bular ko’binese ko’ldegi suwlarda ko’p boladi’. Mi’sali’:

Ana bo’rgeni berman tasla!-dep qoli’n sozdi’. (N. Dawqaraev)

Ko’lge barip qaza saldim,
Anda-sanda bo’rge aldim. (Berdaq)

**Sho’mekey ji’li’m**-bul ji’li’mni’n’ ko’zleri tar, tek yeki barmaq boladi’. Qazaqti’n’ sho’mekey uri’wi’ shi’g’arg’an degen mag’luwmat bar. Duri’si’nda da, usi’nday boli’wi’ itimal.

**Shoqi’r**- Kaspiy teni’zinen Aralg’a son’g’i’ ji’llar ishinde a’kelip jiberilgen. Sonli’qtan bali’qshi’ qazaqlar tilinde qalay atalsa, bizge de sol turi’si’nda kelip kirgen bolsa kerek.

## 1.4.Tu’rkmen tilinen kirgen bali’q atamalari’.

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’nda og’uz elementleri az sanda bolsa da ushi’rasadi’. Bug’an sebep, qaraqalpaqlar tu’rkmen xali’qlari’ menen qon’si’las woti’rg’ani’ bolsa, bir ta’repten tu’rkmen shayi’r, jazi’wshi’lari’ni’n’ shi’g’armalari’ xali’q arasi’nda ken’ tu’rde taralg’anli’g’i’nan, xalqi’mi’z da’stanlar h.t.b. awi’zeki do’retpeler menen jaqi’nnan tani’s bolg’anli’g’i’nan bolsa kerek. Sonday-aq, qaraqalpaq XIX a’sirde tu’rkmenlerdin’ yawmi’t, teke qa’wimleri menen qon’si’las woti’rg’ani’ menen baylani’sli’ boli’wi’ itimal. Degen menen, bali’qshi’li’q atamalari’n izertlew bari’si’nda bali’q terminlerinin’ qaraqalpaq atamalari’na jaqi’nli’g’i’n soni’n’ menen birge wo’zgesheliklerin de bayqadi’q.

Ma’selen: i’laqa terminin ali’p qarayi’q. Ji’rtqi’sh bali’q. Bul atama tu’rkmen tilinde **”lakga**” formasi’nda ayti’ladi’[1]

Bir tildin’ yekinshi tilge ta’siri haqqinda V.S. Rastorguyeva mi’nanday pikir bildiredi: Yekinshi tildin’ ana tiline tiygizgen ta’siri yeki tilliktin’ tipleri

[1] S. Arazkuliev. Garagalpag’i’stan ASSRi’ni’n’ Do’rtgu’l rayoni’ndag’i’ tu’rkmen gepleshikleri, Ashgabad, 1961.

ha’m formalari’ , sol jerde turi’wshi’lar arasi’nda yen jayi’w da’rejesi ha’m basqa tildegi xali’q penen baylani’si’ni’n’ ko’pten berli boli’wi’ tiykari’nda ani’qlanadi’.

”**Su’wen”**- termini tu’rkmenler arasi’nda **so’uon, so’ugen** atamasi’ menen ju’ritiledi[1]. Bul bali’qti’n’ Moynaq so’yleminde, ”Si’payi’ bali’q, panaxani’ su’wen, qayi’z, ”utku” atamalari’ bar. Bali’qshi’lar uluwma qa’siyetke qarap ”si’payi’ bali’q”, ji’ni’si’na qaray ”panaxani’ su’wen”, si’rtqi’ formasi’na qarap ”qayaz”, sapasi’na qaray ”utkus” (bul su’wennin’ kishilew, semiz, mazali’ tu’ri) dep at berip, wol a’debiy tilimizde barli’g’i’n juwmaqlasti’ri’wshi’ tek ”su’wen” degen atama qollni’ladi’. Mi’sali’:

Gilen’ su’wen bali’q, kemeler toli’,

Ku’ndegiden ba’lent qi’zlardi’n’ qoli’ (A’. Shamuratov )

***Su’wen***- bali’qti’n’ hasi’l, semiz tu’ri.

Su’wen iri bali’qlar qatari’na kirip, ji’rtqi’sh yemesler semyasi’na jatadi’. Su’wennin’ yeti mazali’, semiz, yeti ti’g’i’z boladi’.

**Si’payi’ bali’q**-su’wen bali’qti’ bali’qshi’lar usi’lay ataydi’[1]. Woni’n’ yeti mazali’, semiz ha’m ti’g’i’z boli’p keledi. Panaxani’ su’wen-su’wen bali’qti’n’ tu’ri. Basi’ u’lken, yeti wonsha mazali’ bolmag’an, uwi’ldi’ri’q shashi’p azi’p ketken waqti’na baylani’sli’ wog’an usi’lay dep at qoyi’lg’an

**”Sholpi’**” termini- ji’li’mni’n’ ishinen bali’qti’ ali’w ushi’n qollani’ladi’. Moynaq so’yleminde buni’ ”su’zeki” dep te ataydi’. Al tu’rkmen tilinde **”cholpi’**” atamasi’ qollani’ladi’[2].

**”Azna”** termini- adamlar woti’ri’w ushi’n qayi’qti’n’ u’stindegi kese tarti’lg’an ag’ashi’.

Mi’sali’:

Ra’wshan Boriske qarsi’ qayi’qti’n’ wortan’g’i’ aznasi’nda woti’rdi’. (J. Aymurzaev).

”**Azna”** termini tu’rkmen tilinde ”**gazna”** formasi’nda qollani’ladi’[3].

---

[1] S. Arazkuliev ko’rsetilgen miynet.
[2] S. Arazkuliev ko’rsetilgen miynet.
[3] S. Arazkuliev, ko’rsetilgen miyneti.

**”Tayaw**”-qayi’qti’ tirep, iyteriw ushi’n qollani’latug’i’n uzi’n ag’ash, tayawdi’n’ suwg’a kirip, tayalatug’i’n jag’i’na temir qaplap qoyi’latug’i’n bolg’an. ”Tayaw” termini tu’rkmen tilinde **”dayou**” formasi’nda ushi’rasadi’.

Demek, Orta Aziya ha’m Qazaqstan jerindegi xali’qlar bir-biri menen a’sirler boyi’ ta’g’diri ha’m tillerinin’ tariyxi’y rawajlani’wi’ jag’i’nan uqsas boli’p keledi.

## 1.5. Wo’zbek tilinen kirgen bali’qshi’li’q atamalari’

Wo’zbek tilinen so’zler ja’miyetlik turmi’sti’n’ barli’q tarawlari’ boyi’nsha kelip kire basladi’. Ja’miyetlik basqari’w, ekonomikali’q ha’m ma’deniy turmi’sta da wo’zgerislerdin’ ju’z beriwi meshit, medreselerdin’ ashi’li’w, arab grafikasi’nda jazi’lg’an shi’g’armalardi’n’ tarali’wi’ mine usi’ faktlerdin’ barli’g’i’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ma’deniy turmi’si’ni’n’ rawajlani’wi’na unamli’ ta’sirin tiygizdi. Bul ta’sir bali’qshi’li’q leksikasi’ni’n’ bayi’wi’nda da seziledi. Ma’selen: Marqa terminin analizlep ko’reyik:

**”Marqa”** so’zi leksikali’q jaqtan hesh qanday ma’ni an’latpaydi’. Degen menen, bizde ”aq marqa” degen ji’rtqi’sh bali’qlar qatari’na jatatug’i’n bali’q bar yekenligi haqqi’nda mag’luwmatlar jeterli[1]. Aq marqani’n’ uzi’nli’g’i’ 80 sm, awi’rli’g’i’ 5 kg g’a jetedi. Tikeni qatti’ iri boli’p, yeti mazali’ bali’qlar qatari’na kiredi. Moynaq so’yleminde bul bali’qti’ ”ko’kjon” dep ataydi’. Al, wo’zbek tilinde ”marqa” dep ataw ushi’rasadi’[2]. Sonday-aq, jergilikli xali’qti’n’ tilinde ”aq marqa” terminin yernig'i'zi'l, ko'k torta, ko'kjon dep te ataydi’[3]. Al, a’zerbayjan tilinde ”ag’bali’g’” dep ataladi’[4].

Joqari’da keltirilgen miynetlerde tek wo’zbek tilinde ”marqa” termini menen atalg’anli’g’i’n, basqa miynetlerdin’ barli’g’i’nda wo’zgeshe atama menen ju’ritilgenliginen kelip shi’g’atug’i’n bolsaq, ”marqa” termini bizin’ qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’na wo’zbek tilinen kirip kelgen degen juwmaq

---

[1] Qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zligi, III tom, 60-bet.
[2] F. A. Abdullaev, Xorazm shevalari, Toshkent, 1961.
[3] Г. В. Никольский, Рыбы Аралского моря, 86, 1940.
[4] M. Sh. Shiraliev, Azerbayjan dialektologiyasi’ni’n’ asoslari,Baku,1962.

shi’g’ari’w mu’mkin. Ja’ne de ”marka” atamasi’ bar, bul so’zdin’ leksikali’q ma’nisi tu’r, belgi degendi an’latadi’. Ba’lkim, bali’qti’n’ wo’zgeshe tu’ri, markasi’ dep atali’p, jergilikli adamlar tilinde ”marqa” dep ju’ritilgen bolsa kerek.

**Jelbizek-yolvuzak**.

Jelbizek-bali’qti’n’ sag’ag’i’nan baslap quyri’g’i’na shekem u’stin’gi jag’i’na ayti’ladi’. Moynaq so’yleminde sag’aq, sag’aldi’ri’q formalari’ da qatar qollani’la beredi. Yolvuzak-wo’zbek shamal, suwi’q hawa degen ma’nini bildirse, sag’aq- bali’qlardi’n’ dem ali’w organi’. Demek, bul yeki so’z de hawag’a baylani’sli’ qollani’lg’an.

**Dombaq-** jiptin’ bir tu’ri, iri, juwan jipti dombaq jip dep ataydi’, al jin’ishkesin ”pa’wedek” dep ataydi’. Bali’qshi’lar termini yesaplang’an dombaq atamasi’ Taxtako’pir rayoni’ territoriyasi’ndag’i’ ”Qarateren’nin’” boyi’ndag’i’ bali’qshi’lar tilinde ayti’ladi’[1].

Wo’zbek ha’m tu’rkmen tillerinin’ ta’siri ko’binese dialekttin’ so’zlik qurami’nda ko’rinedi. Wo’ytkeni tariyxi’y waqi’yalar ha’m wo’zgerisler tildin’ so’zlik ta’repinde, ayi’ri’p aytqanda so’zdin’ leksikaliq ma’nisinde ko’birek ko’zge taslanadi’. Xali’qti’n’ basi’nan wo’tkergen tariyxi’y da’wirlerdin’ gu’wasi’ retinde birinshi na’wbette woni’n’ so’zlik qurami’ bayi’ydi’.

Bir tilden yekinshisine awi’sqan so’z sol tildin’ fonetikali’q, morfologiyali’q ni’zamlari’na baylani’sli’ wo’zgeriske ushi’rap tilde qa’liplesedi. Belgili rus ilimpazi I. A. Boduen de Kurtene tiller arasi’ndag’i’ wo’z- ara ta’sir, so’z awi’si’w processleri haqqi’nda ayta kelip: ”Hesh qanday taza , aralaspagan til joq ha’m boli’wi’ da mu’mkin yemes degen yedi.[2]

Juwmaqlap aytatug’i’n bolsaq, bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ so’zlerdin’ semantikali’q ma’nisine itibar qarati’p, go’nergen atamalardi’n’ Moynaq govori’na xarakterli degen mag’analari’ ali’ndi’. Sol sebepli, basqa

[1] D. S. Nasi’rov, T. Begjanov, Taxtako’pir rayoni’nda jasawshi’ qaraqalpaqlardi’n’ tili boyi’nsha bayqawlar, O’z IAIA Qaraqalpaqstan filiali’ xabarshi’si’, 1962, 58-bet.
[2] I.A. Boduen de kurtene O smeshannom xaraktera vsex yazikov “ jurnal ministerstva narodnogo prosveshannaya” 1901 ~N9. str 15
[2] D. S. Nasi’rov, T. Begjanov, Taxtako’pir rayoni’nda jasawshi’ qaraqalpaqlardi’n’ tili boyi’nsha bayqawlar, O’z IAIA Qaraqalpaqstan filiali’ xabarshi’si’, 1962, 58-bet.

tillerden kirgen bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' so'zlerdin' jan'a mag'analari' ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' leksikasi' ushi'n ju'da' a'hmiyetli boli'p tabi'ladi'. Biz ta'repinen keltirilgen bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' atamalar ilimnin' basqa tarawlari' ushi'n, ma'selen, ixtiologiya-bali'qlardi' u'yreniwshi pa'n ushi'n yen' kerekli materiallardan yesaplanadi'.

# II BAP. BASQA TILLERDEN KIRGEN BALI’Q HA’M BALI’QSHILIQ ATAMALARI’

## a) Arab tilinen kirgen bali’q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’

Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’ni’n’ belgili bir bo’legin arab tilinen awi’sqan so’zler quraydi’. Arab tilinen so’z awi’si’wi’ni’n’ tiykari’-arablardi’n’ Worta Aziyani’ jawlap ali’w ji’llari’nan baslanadi’. Usi’ waqi’ttan baslap tu’rkiy tillerge arab tili birlikleri kire basladi’. Biraq, ha’zirgi zaman qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’ndag’i’ anaw ya mi’naw arabli’q shi’g’i’sqa iye so’zdi mi’na waqi’ttan kelip kirgen so’z dep da’l waqti’n ko’rsetiw qi’yi’n[1].

Arab tilinen kelip kirgen so’zler qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’na awi’zeki ha’m jazba tu’rde qon’si’ xali’qlardi’n’ tilleri arqali’, sonday-aq tikkeley tu’rde awi’si’p kirgen.

Arab tilinen awi’sqan so’zler tiykari’nan alg’anda atli’q so’zler boli’p keledi, siyregirek kelbetlik so’zler de ushi’raydi’, Ha’zirgi zaman qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’ndag’i’ arabli’q shi’g’i’sqa iye so’zler menen terminler turmi’sti’n’ ko’pshilik ta’replerin wo’z ishine aladi’. Wolardi’n’ bir qatari’ diniy tu’siniklerge baylani’sli’ bolsa, yekinshileri sawda islerine baylani’sli’ , u’shinshileri, ilim ha’m ma’deniyatqa, ja’ne basqalari’ ka’siplerge baylani’sli’ so’zler boli’p keledi.

Mi’sali’: Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ bali’qshi’lar arasi’nda mi’naday so’zler ha’m so’z dizbekleri qollani’ladi’.

**a) Qaza**- iri nar qami’stan, u’lken, ken’ yetip toqi’lg’an qorshaw, boyra bali’q awlaytug’i’n qural.

Mi’sali’: Mu’ytenler qazasi’n saldi’,

Qaqpashlari’n jesen’ paldi’. (Berdaq).

Usi’ bali’qti’ awlaw qurallari’na baylani’sli’ Moynaq so’yleminde mi’naday atamalar qollani’ladi’: ko’lg’aza, jag’ag’aza, dunayg’aza, ista’wnekg’aza, qayshi’g’ulaqg’aza, qashawg’aza, na’rete h.t.b.

**Na’rete**- bali’q awlaytug’i’n quraldi’n’ bir tu’ri.

Mi’sali’: Bali’qshi’lar bileklerin tu’riner,

Na’retesi suwg’a narday sho’kkende. (A’. Shamuratov).

**Sali’y-** bali’q juwatug’i’n i’di’s. I’laqa, bo’rge, shabaq h.t.b.

**Bo’rge** - sazan topari’na kiretug’i’n bali’qti’n’ mayda tu’ri.

Mi’sali’: Ju’resinen woti’ri’p bo’rgeni qoli’na aldi’. (N. Da’wqaraev).

Belgili ka’sip tarawi’ boyi’nsha joqari’dag’i’ atamalar an’latqan zatlardi’n’, qubi’li’slardi’n’ turmi’sli’q jedelligi, ken’ qollani’li’wi’, sonday-aq, wolardi’n’ uzaq ji’llar dawami’nda xali’q talg’awi’nda boli’wi’na qaray ko’pshilik a’dettegi so’zlerdey boli’p ketken. Bular ka’sipke baylani’sli’ arnawli’ birlikler si’pati’nda do’redi ha’m qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’ni’n’ belgili da’wirlerinde ka’siplik terminler xi’zmetin atqari’p keldi. Ha’zir wolardi’n’ basi’m ko’pshiliginin’ terminlik ma’nisi sezilmeydi. Soni’n’ menen birge geypara so’zler arab tilindegi ma’nisi ha’m wonnan pu’tkilley wo’zgerip ketken ma’nilerde qollani’ladi’.

Demek, arab tilinen awi’sqan bazi’ bir so’zler qaraqalpaq tilinde semantikali’q jaqtan bir qansha wo’zgerislerge ushi’rag’an tu’rinde de qollani’li’p kiyati’r degen so’z.

## 2.1. Parsi’ tilinen kirgen bali’ q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’

Parsi’ tilinen so’zlerdin’ qaraqalpaq tiline awi’si’wi’ni’n’ da wo’zinin’ tariyxi’y derekleri bar. Bul tuwrali’ N. A. Baskakov mi’nanday dep jazadi’: ”qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’n bahalawda qaraqalpaq tilinin’ toli’q ma’nide ha’zirgi jasap turg’an, yag’ni’y Aral jag’asi’nda birge qoni’slasqan tu’rkiy ha’m iran qa’wimleri tillerinin’ bir-birine jaqi’n ta’siri jag’dayi’nda qa’lipleskenin de yesapqa ali’w kerek’’[1].

Parsi’ tilinen awi’sqan so’zler uluwma alg’anda, awi’zsha ha’m jazba tu’rde tilimizdin’ so’zlik qurami’nan wori’n alg’an. Wolardi’n’ qaraqalpaq tiline awi’si’wi’ tikkeley ha’m qon’si’ xali’qlardi’n’ tilleri, ma’selen, wo’zbek, tu’rkmen tilleri arqali’ ko’birek iske asqan. Parsi’ tilinen kirgen so’zlerdi so’z

shaqaplari’ ko’z-qarasi’nan ali’p qarag’anda atli’q so’zler, kelbetlikler, ra’wishler, da’nekerler boli’p keledi.

**Iynelik** - aw toqi’ytug’i’n qural.

**Duzaq** - aw ma’nisinde.

**Pa’shek -** aw toqi’ytug’i’n jip.

**Du’zbel -** bali’qti’ duzlag’anda qollani’latug’i’n qural.

Parsi’ tilinen kirgen ”**dombaq”, ”dombi’q**” so’zi na’rete toqi’ytug’i’n juwan jiptin’ tu’rin an’lati’w ushi’n jumsalg’an

Moynaq bali’qshi’lari’ buni’ ”dombaq” jip dep atasa, jin’ishkesi ”pa’wa’dek” deydi. Qaraqalpaq tilinin’ Taxtako’pir so’yleminde de usi’lay ataladi’[2].

**Maqam** - da’reje, xi’zmet worni’,u’lken ma’rtebeli boli’w:

Shunday maqamg’a yetken . Bul so’z arab tilinde takat:

a) Wori’n, ma’kan, tuwg’an jer

b) ha’mel

v) hu’kimet

g) muzi’kali’q ton degen ma’nilerde jumsalg’an. A’debiy tilde muqam-nama, ha’r tu’rli saz ma’nilerinde ushi’rasadi’. Degen menen, arab tilindegi ma’nileri qubla dialektte tarayg’an.

Biz parsi’ tilindegi ma’nisin analizley woti’ri’p, ”da’reje” so’zi bali’qshi’lar arasi’nda jiyi qollani’ladi’.

Mi’sali’**: Bali’qshi’ni’n’ xani’**- bali’qshi’lardi’n’ basshi’si’ degen ma’nini an’latatug’i’n so’z. Wol bali’qti’ qaysi’ jerde bar yekenligin bilip, aytqan jerine aw salsa, sol jerden bali’q shi’g’adi’. Tiykari’nan, ko’ldin’ si’ri’n biletug’i’n qa’nige adamdi’ maqamg’a iye adam dep te ju’ritiledi.

Parsi’ tili elementleri qubla dialekt leksikasi’nda da ushi’raydi’. To’mende parsi’ tilinen tilimizge awi’sqan so’zlerdin’ geyparalari’n keltiremiz: Wolar ilimiy, siyasiy, ja’miyetlik, u’y buyi’mlari’ atamalari’, bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ tu’siniklerdi an’lati’w ushi’n kirip kelgen. Ma’selen:

**Ma’ga’s-ma’ges** so’zi ko’binese miynetti su’ymeytug’i’n is jaqpas jalqawlarg’a qarata ayti’ladi’.

Qarap jatsan’ ku’ni-tu’ni,

Miysiz ma’ges bolasan’ (Qi’rq qi’z).

Parsi’ tilinde ma’ga’s –biykar ju’riw, shi’bi’n uslaw ma’nisinde ayti’lg’an. Bul so’z bali’qshi’lar tilinde jiyi ushi’rasadi’. Sebebi, qaraqalpaq a’zelden bali’qshi’li’q penen shug’i’llang’an, ku’neltken. Soni’n’ ushi’n da basli’ tag’ami’ bali’qtan islenetug’i’n awqatlar bolg’an. Bali’q sorpa, qarma, bali’q quwi’rdaq xali’qti’n’ ku’ndelikli awqatlari’nan yesaplanadi’. Xali’q arasi’nda isherge, jerge hesh na’rse tappay woti’rg’an u’ylerdin’ yerkeklerin ”ma’ges” dep atag’an. Sebebi, suwdin’ boyi’nda jasap bir ka’sip penen shug’i’llanbay u’yinde biykar jatqan adamlardi’ tu’sinip te, aqlap ta bolmag’an. Bul so’zdi da’stanlarda da ko’plep ushi’ratami’z.

Arab tilinen kirgen so’zlerge qarag’anda parsi’, ta’jik tillerinen kirgen so’zler leksikami’zdan, ha’tteki so’zlik so’zlik fondi’mi’zdan wori’n ali’p ju’da’ sin’isip ketken.

## 2.2. Wori’s tilinen kirgen bali’q ha’m bali’qshi’li’q atamalari’

Qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’nda basqa tillerden awi’sqan so’zlerdin’ ishinde yen’ u’lken topardi’ quraytug’i’n bo’legi wori’s tilinen awi’sqan so’zler menen terminlerden ibarat.

Wori’s xalqi’ menen qaraqalpaq xalqi’ arasi’ndag’i’ baylani’slar bir neshe ji’llardi’ wo’z ishine aladi’. Sol ji’llar dawami’nda qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’na yeki xali’q arasi’ndag’i’ qatnasti’n da’rejesine qaray belgili mug’darda so’zler kirip woti’radi’. Moynaqta jasawshi’ qaraqalpaqlardi’n’ tilinde rus tilinen kirgen so’zler basqa rayonlarda jasawshi’ jergilikli xali’qti’n’ so’ylew tili menen sali’sti’rg’anda ko’p paydalani’latug’i’nli’g’i’n izertlew na’tiyjesinde bayqaldi’.

Jan’a so’zlerdi tek intelegentler g’ana qollani’p qoymastan, rus tilin shala, az biletug’i’n bali’qshi’lar da so’ylewde aktiv qollanadi’. Buni’n’ sebebi bali’q

sanaatli’ Moynaq rayoni’nda bali’qshi’li’qqa baylani’sli’ ko’p g’ana iri ko’lemli jumi’slar ali’p bari’lg’anli’g’i’nda desek qa’telespegen bolami’z. Biraq bul jan’a so’zler jergilikli adamlardi’n’ so’ylewinde a’debiy tildegidey boli’p ayti’lmastan bir qansha fonetikali’q wo’zgerislerge ushi’rap ayti’lg’anli’g’i’n ko’remiz. Ma’selen:

1. **Moyki-moyka**. Bali’qti’ juwi’wg’a arnalg’an qural. Ishki jag’i’ u’lken boladi’. Moykide shan’g’a sali’natug’i’n ha’m wonnan si’rtqa shi’g’ari’p ali’ng’an bali’qlar juwi’ladi’.

2. **Shameyke-shemaya**. Mayda bali’qlarg’a kiredi. Tikenekli, ju’da’ semiz boladi’. Moynaqta ”may bali’q” dep te ataydi’.

3. **Na’shelki-nosilka-za’mber**. Qabi’llaw worni’na ali’p kelingen bali’qlardi’ bir jerden yekinshi jerge tasi’w ushi’n qollani’latug’i’n qural.

4. **Merki-merka**. Wo’lshewish ag’ash, buni’n’ menen bali’qlardi’n’ iri ha’m mayda sortlari’n bo’lip shi’g’arg’anda wo’lsheydi.

5. **Bagon-vagon**-sazan bali’qti’ awlaw ushi’n qollani’latug’i’n awdi’n’ tu’ri, na’retenin’ awi’z jag’i’ usi’lay ataladi’.

6. **Sener-seyner**. Ji’li’mni’n’ bir tu’ri. Teren’ jerdegi suwdi’n’ bali’g’i’na sali’nadi’. Buni’ jergilikli bali’qshi’lar sener, seyner ji’li’m dep te ataydi’.

7. **I’rasporki-rasporka.** Duzdan shi’qqan bali’qti’ keptirer waqti’nda qarni’n ashi’p tirep qoyatug’i’n ag’ash.

8. **Tachka- ta’shki**. Qabi’llaw wori’nlari’na kelip tu’sken bali’qlardi’ bir wori’nnan yekinshi wori’ng’a tasi’wg’a arnalg’an qural.

9. **Ka’mir-kamera**. Bali’qti’ tu’tin menen uslaytug’i’n wori’n.

10. **Ka’piranaw** - kapron aw, kapron jibinen islenetug’i’n aw.

11. **Istawnek** - stanok, bali’q awlaytug’i’n qazani’n’ bir tu’ri.

12. **Lasos-losos**. Tek g’ana dushshi’ suwlarda ko’beyetug’i’n uwi’ldi’ri’g’i’ qi’zi’l, ju’da’ bahali’ iri bali’q.

13. **Shan’-chan**. Bali’q duzlaytug’i’n ag’ashtan islengen u’lken i’di’s. Teren’ligi 3-4 metr boladi’. Shan’ni’n’ u’lkeni de, kishisi de boli’p, ag’ashtan ha’m brezentten, cementten islenedi.

**14. Baraban**- bali'qti' qi'rshi'w ushi'n arnalg'an a'sbap.

**15. Balakushka**-balago'shki aw.Bali'qshi'li'q qurali'ni'n' bir tu'ri.

**16. Ba'gar-bagor**. Kemenin' ishine awg'a tu'sken bali'qti' sali'w ushi'n qarmaq si'yaqli' uzi'n sapli' qural. Mi'sali': Kemege u'lken i'laqani' bagor menen salatug'i'ni' ha'mme bali'qshi'g'a da ma'lim.

**17. Severuga'-severyuga**. Bul tu'ri qi'zg'i'shtan kelgen, semiz, awzi' tumsi'g'i'ni'n' asti'nda boladi'. Salmag'i' 10 kg g'a jetedi.

**18. Kira'snoporki-krasnoperka.** Bali'qti'n' bir tu'ri. Qi'zi'l qanat torta degen awdarmasi' da bar. Degen menen, bali'qshi'lar krasnoperka degen atamani' jiyi qollanadi'.

**19. Beliygrazki-belograzka**. Bul wo'ndiriste a'hmiyeti bar bali'qlar qatari'na kiredi. Bul semiz, mayli' bali'q. Kishi bali'qlar qatari'na jatadi'. Wortasha uzi'nli'g'i' 25-30 sm boladi'.

Bul bali'qti' "aq ko'z shabaq" dep ayi'ri'm ilimpazlar naduri's awdarma jasag'an[1]. Bizin'she, qarako'z bali'qqa tuwra keledi.

**20. Boyaq-boek**. Shiysheden islengen boli'p, awdi'n' u'stine baylanadi', jip penen worap baylap ko'n'gey jipke bekitedi. Boyaq ko'rinse aw bar degen so'z.

**21. Labaz-lobaz**. Ba'ha'r, gu'z aylari'nda bali'q duzlaw ushi'n taqtaydan bochkag'a uqsati'p sog'i'lg'an i'di'sti' aytadi'. Bunnan basqa govorda lobaz "shalan" degen ma'nide de qollani'ladi'.

Shi'ni'nda da, jan'a tu'siniklerdin' payda boli'wi' menen ju'zege keletug'i'n neologizmler bul xali'qti'n' turmi'si'nda da, ma'deniyati'nda da, sonday-aq ilim menen texnikani'n' g'awlap rawajlani'wi'nda ko'plep ju'zege kelip, leksikami'zdi' bayi'ti'p woti'radi'.

Bali'qti'n' tu'rlerine baylani'sli' severyuga, usach, vobla, beloglazka, chexon, karas, shemaya, sudak, okun, losos h.t.b. bali'qti'n' tu'rlerine baylani'sli' atamalar tek bali'qshi'li'q ka'sibi menen shug'i'llani'wshi'larg'a g'ana tu'sinikli bolg'ani' menen uluwma xalqi'mi'zg'a yele tu'siniksiz.

Biz birden ”usach” degende suwda ju’rgen yamasa uslang’an su’wen bali’q tu’sinile qoymastan, wo’ndiriste islengen, belgili da’rejede duzda tayarlani’lg’an su’wen bali’qti’ tu’sinemiz. Bulardi’n’ ishinde sudak, severyuga usag’an tu’rlerinin’ Moynaq so’yleminde sudak-tisli, severyugo- shoqi’r degen atamalari’ bolg’ani’ menen bulardi’n’ yeki tu’rdegi atamalari’ da qollani’la beredi. Degen menen, bali’qshi’li’q leksikasi’nda, bali’qshi’lar arasi’nda rus tilinen kirgen atamasi’ ko’birek qollani’li’wi’ bayqalg’an.

Tag’i’ da ayta ketetug’i’n bir na’rse, jergilikli xali’q bali’qti’ qabi’l yetiw punktine tapsi’rg’anda, bali’qti’ wo’ndiriste islewde, tayi’n bolg’an produkciyalardi’ belgili wori’nlarg’a jibererde ko’birek rus tilindegi atamalari’na paydalanatug’i’nli’g’i’ bayqalg’an.

Bali’q awlaw qurallari’na baylani’sli’ seyner ji’li’m, sha’ma’nishni’y ji’li’m, gigant aw, dunay aw h.t.b. atamalar payda bolg’an. Bunday so’zler rus tilindegi atamalari’na qosi’li’p bir tu’sinikti an’latadi’.

Bali’qti’ wo’ndiriste isletiwge baylani’sli’ moyka, shan,lobaz, rasporka, sekach h.t.b. so’zler wori’s tilinen kirip kelip, ha’zirde jiyi qollani’ladi’.

Bul qurallardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmetlerine joqari’dag’i’ betlerde toqtap, tu’sinik berip wo’ttik. Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ so’zler qaraqalpaq tilinde rus tilinen kirgen so’zler basqa ka’sip penen shug’i’llani’wshi’lardi’n’ leksikasi’ menen sali’sti’rg’anda ko’p paydalanatug’i’nli’g’i’ izertlew na’tiyjesinde bayqaldi’. Bul degeni rus tilinen kirgen so’zlerdi tek intelligentler g’ana qollani’p qoymastan rus tilin shala, az biletug’i’n bali’qshi’lar da wo’z so’ylewinde aktiv qollanadi’.

### 2.3. Rus tili arqali’ basqa tillerden kirgen bali’q atamalari’

Wori’s tili arqali’ qaraqalpaq tiline kelip kirgen so’zler ko’binese Yevropa xali’qlari’ tillerinen yekenligi ko’zge tu’sedi. Ma’selen:

1. **Aterina**-kishi toparg’a kiretug’i’n bali’q, uzi’nli’g’i’ 15 sm shamasi’nda.

**2. Medoka**-kishi ko’lemdegi bali’q, awlaw a’hmiyetine iye yemes.

**3. Kasyushka**-dene uzi’nli’g’i’ 5-6 sm, salmag’i’ 2 kg shamasi’ndag’i’ kishi bali’q.

**4. Ersh**-dene uzi’nli’g’i’ 10 sm.

5. **Kambala**- uzi’nli’g’i’ 150-160 mm, ko’zi denesinin’ won’ qaptali’nda jaylasqan.

**6. Salaka**- uzi’nli’g’i’ 30 sm, salmag’i’ 225 g shekem baradi’.

**7. Abottina-**mayda bali’q 10 sm, salmag’i’ 15 g g’a shekem baradi’, awlaw a’hmiyetine iye yemes.

Qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’nda wori’s tilinde de, basqa xali’qlardi’n’ tillerinde de birdey qollani’la beretug’i’n joqari’dag’i’day bali’q atamalari’ ha’m wolarg’a baylani’sli’ so’zler payda boldi’. Wori’s tili arqali’ qaraqalpaq tiline kelip kirgen so’zlerdin’ ko’pshiligi derlik Yevropa xali’qlari’ tillerinen yekenligi ko’zge tu’sedi. Buni’n’ sebebin, a’lbette, wori’s xalqi’ni’n’ wo’zinin’ tariyxi’y rawajlani’wi’ da’wirlerinde sol xali’qlar menen bolg’an baylani’si’nan dep tu’siniwimiz kerek.

So’z shaqaplari’ ko’z qarasi’nan ali’p qarag’anda wori’s tili arqali’ basqa tillerden kirgen so’zler tiykari’nan atli’qlardan ibarat. Wolardi’n’ ishinde jeke siyrek kelbetlikler bolmasa basqa so’z shaqabi’na jatatug’i’n so’zler derlik ushi’raspaydi’.

Juwmaqlap aytqanda, wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden awi’sqan so’zler ha’zirgi zaman qaraqalpaq a’debiy tilinin’ leksikasi’n, soni’n’ ishinde, bali’qshi’li’q leksikasi’n bayi’ti’w menen birge ku’ndelikli turmi’sta bali’qshi’lar leksikasi’nda g’ana yemes, barli’q bali’qqa qi’zi’g’atug’i’n shaxslar so’zlik qurami’nda ken’ tu’rde qollani’li’p ba’rshege ten’dey tu’sinikli so’zler (atamalar) qatari’nan wori’n almaqta.

# III BAP. BALI’QSHI’LIQ KA’SIBINE BAYLANI’SLI’ QOLLANI’LATUG’I’N SO’ZLER

Qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’nda belgili bir ka’sipke baylani’sli’, sol ka’sipte islewshi adamlardi’n’ leksikasi’na ta’n , wolardi’n’ ku’ndelikli bir-biri menen so’ylesiwinde zatti’n’ yamasa ha’rekettin’ atamalari’ si’pati’nda qollani’latug’i’n so’zler menen so’z dizbekleri, ha’r qi’yli’ atamalar bar. Bulardi’n’ biri bizin’ izertlew jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ obyekti boli’p woti’rg’an bali’qshi’li’q leksikasi’ boli’p tabi’ladi’.Bali’qshi’li’q ka’sibi menen shug’i’llani’p ati’rg’an bali’qshi’lar arasi’nda ken’ tu’rde qollani’latug’i’n atamalar a’debiy tilimizdin’ toli’gi’wi’na, jetilisiwine, bayi’wi’na ja’rdem beretug’i’n til materiallari’nan yesaplanadi’. Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika da zamanni’n’, ilim ha’m texnikani’n’ tez pa’t penen wo’siwi na’tiyjesinde rawajlanbaqta. Ma’selen: bali’q tu’rlerine, awlaw qurallari’na, bali’qti’ wo’ndiriste islep shi’g’ari’wg’a h.t.b. baylani’sli’ toli’p ati’rg’an atamalar payda boldi’.

## 3.1. Bali’qti’ awlawda qollani’latug’i’n qurallardi’n’ atamalari’

Bali’q awlawda, tiykari’nan, aw quradi’, geyde shani’shqi’ menen uslaydi’. Bali’qshi’lar leksikasi’nda awdi’n’ ha’r qi’yli’ atamalari’ ken’ qollani’ladi’. Aw-tor wo’zara sinonim so’zler. Aw so’zinin’ wo’zinde, kerme aw, aqan aw, su’wen aw, dunay aw, qabadan aw, qorg’asi’n aw, shabag’aw, torta aw h.t.b. awdi’n’ tu’rlerin keltiriwge boladi’.

**1. Aw-** bali’q tutatug’i’n u’lken tor.

Jamanli’q, duzaq, dushpanli’q hiyle ko’rmegen jerde an’lap bas, quri’p qoyg’an aw bolmasi’n. ( S. M.)

Wol ku’nde Qa’llio’zektin’ jag’asi’nda aw salatug’i’n yedi.
( Q. Ayi’mbetov)

**2. Tor-** awlaw ushi’n toqi’lg’an zat.

**3. Shani'shqi'**- bali'qlardi'n' ba'ha'r ma'wsimindegi woyi'ni' waqti'nda woni' suwdi'n' ishinde ju'rip shanshi'p ali'w ushi'n arnalg'an qural. Shani'shqi'- bali'q, qoyan, qi'rg'awi'l awlaytug'i'n u'sh tisli ha'm sabi' bar qural.

Mi'sali': Tu'ske shekem shani'shqi' menen bali'q awlaymi'z.
(A. Begimov).

4. **Na'rete**- bali'q awlaytug'i'n quraldi'n' bir tu'ri.

Bali'qshi'lar bileklerin tu'riner,
Na'retesi suwg'a narday sho'kkende. (A' Shamuratov).

Na'rete-k'opshilik jag'daylarda sazan bali'qlardi' awlaw ushi'n qollani'ladi', bali'qshi'lardi'n' qurali' boli'p woni' ko'llerge saladi'.

Mi'sali: … Da'wkempir boyi'nan ji'n'g'i'l aldi'ri'p na'rete soqti'ri'p ati'rman. (K. Sultanov).

Wol ji'llari' aw, na'rete toqi'w ushi'n bali'qshi'lar uzi'nli'g'i' qari'stay juqa taxtadan basi'n su'yir yetip u'sh tilli shani'shqi'g'a usati'p bo'z toqi'ytug'i'n "ma'ki" dese bali'qshi'lar woni' iynelek deydi. (K.Sultanov."Aqda'rya")

**5. Taylan**-na'retenin' bir tu'ri.

**6. Ji'li'm**-bali'q awlaw qurali'. Mi'sali': Jurtlar ji'li'mi'n suwg'a salsa, men qi'rg'a salaman.

**7. Qara ji'li'm**- bali'qshi'lar bul ji'li'm tuwrali' mi'naday deydi:

Bul ji'li'm 8 m boli'p, won yeki adam saladi', al jazda won adam da jetedi.

8. **Shawi't ji'li'm**- bali'qshi'li'q qurali', uzi'nli'g'i' 8 m ge shamalas, i'laqa bali'q tuti'w ushi'n paydalanadi'.

**9. Sha'ma'shni'y ji'li'm**- buni'n' menen mayday bali'qlar awlanadi'.

**10. Sho'mekey ji'li'm**- bul ji'li'mni'n' ko'zleri tar, mayda boladi'.

**11. Targo'z ji'li'm**- ko'zleri di'm tar, mayda boladi'. Kilka, may shabaq t.b. bali'qlar tutadi'.

**12 Matay aw**- awdi'n' tu'ri.

A’zelden bali’q awlawda aw, tor, ji’li’m si’yaqli’ qurallar wo’nimli paydalani’li’p, bulardi’n’ bir neshe tu’rler ha’r tu’rli atamalar menen atali’p ju’r. Bali’q awlawda go’nergen, atamasi’ qollani’wdan shi’g’i’p qalg’an qurallardi’n’ atamalari’ da bar.

Ma’selen:

**1. Qaza**-bul ha’zir wo’nimsiz qurallar qatari’na jatadi’, ko’llerde, sayi’z suwlarda, teni’zdin’ jag’alari’nda g’ana bali’q uslanadi’. Qazag’a kirgen bali’q qayti’p shi’g’a almaydi’. Sol sebepli bolsa kerek, xali’q arasi’nda “ qazadag’i’ bali’q, qazandag’i’ bali’q” degen so’z ken’ taralg’an. Bul yerteden kiyati’rg’an bali’q awlaw qurali’ boli’p, woni’n’ ko’lg’aza, jag’ag’aza, dunayg’aza, istawnakg’aza, qayshi’g’ulaq g’aza, qamawg’aza si’yaqli’ tu’rleri bar bolg’an.

Salg’an bizin’ qazami’z,
Ko’rinip tur uzaqtan        (Jiyen ji’raw)

2**. Qaqpay**-jag’ada woti’ri’p, shetke shi’qqan bali’qlardi’ qag’i’p uslap alatug’i’n qural. Buni’ ha’zirde derlik qollanbaydi’.

**3. Mardan-**qami’stan, jekennen toqi’lg’an bali’q salatug’i’n i’di’s, biyikligi adamni’n’ belbuwari’nan keletug’i’n do’ngelek i’di’s. Mi’sali: Yelmurat awi’lg’a qaytarda bir mardan bali’q jiberdi. (J. Aymurzaev)

4. **Soqi’**- bali’qshi’li’q qurali’, ag’ashtan, uzi’n sapli’, u’lken balg’a si’yaqli’ yetip islengen boli’p, u’lken bali’qlardi’ ha’lsiretiw ushi’n qollani’ladi’. Mi’sali’: …so’ytip ha’lsiregen i’laqani’ ja’ne soqi’ menen ursan’, urg’anda basi’na urg’an menen hesh ku’sh bermeydi, soni’n’ ushi’n da asti’n’g’i’ iyegine uri’w kerek.     (A. Bekmuratov)

**5. Shontay-**na’rete, ji’li’m ha’m awdi’n’ wortalaw jerinde qalta si’yaqli’ na’rse boladi’. Wolarg’a tu’sken bali’qlar shontayg’a toplanadi’. Awlang’an bali’qti’n’ ha’mmesin shontayg’a ji’ynap, si’rtta jazdi’ri’p aladi’. Mi’sali’:

Shontay nege tawlani’pti’,
Bil, du’zet, dep tejep ketti... (Q. Yermanov)

**6. Sholpi’**- awlang’an bali’qti’ ji’li’mni’n’ shontayi’nan si’rtqa su’zip shi’g’ari’w ushi’n qollani’latug’i’n qural. Wol bekkem jipten tor si’yaqli’ yetip

toqi'li'p, uzi'nli'g'i' ha'r qi'yli' formada boladi'. Bali'qshi'lar leksikasi'nda "su'zek" dep te ataladi'. Mi'sali': Jigittin' jabaday iri, ju'nles qollari' moyni'na tu'skende, Bag'dagu'l sholpi'dag'i' bali'qtay shapshi'di'. (T. Qayi'pbergenov).

**7. Pilla'**-pilla'go'zaw. Bali'q awlaytug'i'n awdi'n' bir tu'ri.

**8. Maygu'p**- bali'qshi'li'q qurali'ni'n' atamasi'. Woni'n' basi'nda pa'rrigi boli'p tartqanda awi'z ta'repinen u'ki woyi'p, bali'qti' shontayg'a ti'g'i'w ushi'n qollani'ladi'.

**9. Iynelik**- aw toqi'ytu'g'in qural.

Mi'sali': Wol ji'llari' aw, na'rete toqi'w ushi'n bali'qshi'lar uzi'nli'g'i' qari'stay juqa taxtadan basi'n su'yir yetip u'sh tilli shani'shqi'g'a usati'p bo'z toqi'ytug'i'n "ma'ki" dese, bali'qshi'lar woni' iynelik deydi. (K.Sultanov."Aqda'rya")

Ha'r qanday tildin' so'zlik qurami'nda bazi' bir so'zler qollani'li'wi' jag'i'nan go'nerip baradi', yag'ni'y sol go'nergen so'zlerdin' kem-kem so'zlik quramnan shi'g'i'p qali'wi' za'ru'rli qubi'li's bolg'ani'nday bali'qshi'li'q leksikasi'nda joqari'da keltirip wo'tkenimizdey, bir qansha atamalar go'nergen so'zler qatari'nan wori'n ali'p, qollani'w wo'risi tarayi'p qalg'an. Jergilikli xali'q bali'qti' aldi'nlari' qaza, baspay, sholpi', qarmaq, shani'shqi', pilla', maygu'p h.t.b. si'yaqli' a'piwayi' wo'nimsiz qurallar menen awlang'an bolsa, ha'zirde bali'q awlawda qollani'latug'i'n qurallardi'n' tu'rleri tu'p-tami'ri'nan wo'zgerip ha'zirde jan'asha tu'rdegi bir neshshe awdi'n' tu'rleri payda boldi' ha'm de bali'qshi'lar usi' qurallar menen bali'q awlaydi'.

Ma'selen, kapronaw, dunayaw, gigant si'yaqli' jan'adan awlar, jan'a atamalar payda boldi'.

**Dunay aw**- Dunay da'ryasi'nin' atamasi'na baylani'sli' kelip shi'qqan awdi'n' bir tu'ri.

**Shana**-bali'q, qami's, ha'r qi'yli' ju'klerdi muzda tasi'w ushi'n qollani'latug'i'n qural. Shanani'n' ultani' buri'n su'yekten bolatug'i'n bolsa, ha'zir temirden islenedi.

**Qorg’asi’n a**w-ag’i’n suwg’a, yag’ni’y da’ryag’a sali’nadi’. Buni’ Zayi’rdag’i’, Porli’ tawdag’i’ bali’qshi’lar ko’birek qollanadi’.

**Qabadan aw**- bul jayi’li’p turi’ladi’. Bali’qshi’lar jipten na’retedey yetip toqi’ydi’. Awzi’ u’lken, tu’p jag’i’ barg’an sayi’n kishireyip bara beredi.

**Qaqpay**- jag’ada woti’ri’p, shetke shi’qqan bali’qlardi’ qag’i’p uslap alatug’i’n qural.

**Baspay-** ko’ldegi, bo’lingen suwlardag’i’ bali’qlardi’ awlaw ushi’n qollani’ladi’. Buni’n’ yeki jag’i’ da ashi’q boladi’. Arqa dialektinin’ Moynaq govori’ territoriyasi’ndag’i’ ko’pshilik xali’q bir neshe waqi’tlar dawami’nda bali’qshi’li’q ka’sibi menen shug’i’llanatug’i’ni’ ba’rshemizge ma’lim. Wolardi’n’ ku’ndelikli turmi’si’nda awi’zeki so’ylew tilinde basqalarg’a tu’siniksiz bir qansha ka’siplik so’zler qollani’ladi’.

Biz bali’q awlawda qollani’latug’i’n qurallardi’n’ atamalari’n bir qatar analizlep shi’qti’q.

Degen menen, bul qurallardi’ paydalani’wda adamlar ba’rhulla suw wortasi’nda, suw jag’alari’nda, qullasi’, suwdi’n’ qasi’nda, basi’nda, ishinde boladi’. Bul ushi’n bali’qshi’larg’a yen’ kerekli buyi’m-bul wolardi’n’ qayi’g’i’. Bali’q awlawda qollani’latug’i’n quraldi’n’ biri-qayi’q bolsa, usi’ bir ”qayi’qqa” baylani’sli’ atamani’ ali’p qarasaq ta bir qansha jan’a, go’ne atamalarg’a dus kelemiz.

A’debiy tilimizde tek ”qayi’q” degen bir uluwmalasti’ri’wshi’ atama, bali’qshi’lar leksikasi’nda tu’rli atamalarda jumsalatug’i’nli’g’i’n bayqadi’q.

Ma’selen: Aw qayi’q, qus qayi’q, na’rete qayi’q, ka’ko’l qayi’q, qaraqus qayi’q, guldo’gelek, qalqan su’degey, altaqta, ishko’t, tu’ren taqtay, mashag’ash, kergi, shuyg’ulaq, bastaqtay, qarsi’li’q h.t.b.

**Qayi’q**- suw u’stinde yeskek penen ju’retug’i’n qatnas qurali’, kemenin’ kishkene tu’ri.

Qayi’qqa mingennin’ jani’ bir.

**Matorli’ qayi’q**- mator menen ju’retug’i’n yeskeksiz qayi’q h.t.b.

**Keme**-qayi'q,suwda ju'zetug'i'n, ju'k ha'm adam tasi'ytug'in taqtaydan islengen suw transporti'.

Misali': Yesitken bul so'zden tappaydi' qi'yal,

Kemeli ju'redi,ju'rmeydi jayaw (Berdaq).

**Sal-**qayi'qti'n' joq waqti'nda, bolsa da az, miynetkesh xali'qqa jetispeytug'i'n waqi'tlari'nda da bali'qshi'lar jekennen "sal" du'zetip ten'izlerde ju'zip bali'q awlag'an. Saldi' jekennen buwi'p isleydi.

Suw ishinde uwayi'msi'z gezbege,

Bir qayi'q alti' ju'z saldan jaqsi'raq (Berdaq).

**Qaraqus-** qayi'qti'n' basi'n so'ylemde usi'lay ataydi'.

Usi' joqari'da ko'rsetilgenlerden basqa kemege baylani'sli' altaxta, tu'ren taxtay, mashag'ash, kergi, ishko't, shu'yg'ulaq, bastaxtay, qarsi'li'q, ultan,to'kkish, jelqom, yeskek h.t.b atamalar bar.

Bulardan basqa bali'qti' awlaw qurallari'na baylani'sli' to'mendegidey atamalar bali'qshi'lar leksikasi'nda wo'nimli jumsaladi. Misali: qalqi', iynelik, ko'n'ge, piskek, asay-masay, taban, arqali'q, iytergish, du'zbel, duzg'alaq h.t.b.

## 3.2. Bali'q wo'lshewde qollani'latug'in so'zler.

Uli'wma ta'rezi wo'lshewlerine baylani'sli' atamalardi'n' ishindegi yen' kishi wo'lshem birligi "mi'sqal" dep atalsa, yen' u'lkeni batpan-batman degen atama menen ju'ritilgen.

Al, basqa wo'lshem birlikleri usi'lardi'n' arali'g'i'nda boladi'.

1. **Mi'sqal**- salmag'i' 4,26 grammg'a ten' bolg'an yeski awi'rli'q wo'lsheminin' birligi.

Bug'an salaka bali'g'i', ( abottina bali'g'i', ostrashchka bali'g'i', taban bali'g'i', jumi'r bali'g'i', qi'zi'l qanat torta bali'g'i') alabug'a bali'g'i', sumi'ray kambala si'yaqli' bali'qlardi'n' awi'rlig'i'n wo'lshewde mi'sqal atamasi'n qollang'an.

2. **Pud**- awi'rli'q wo'lshemi, 1 pud- 16 kg bali'qti'n' awi'rli'g'i'na ten'. Bug'an shortan, su'wen, saza, si'la h.t.b bali'qlardi'n' salmag'i' tuwra keledi.

**3. Qadaq**- mayda ha’m jen’il bali’qlar wo’lshengen, shama menen 400 grammg’a ten’ salmaq wo’lshewi boli’p yesaplanadi’. Yeki yari’m qadaq bir kilogrammdi’ bildiredi.

**4. Batpan**- awi’rli’q, salmaq, jerine qaray jigirma, jigirma to’rt kilogrammnan qi’ri’q kg g’a shekem boladi’.

Mi’sali’: Batpanlap kirgen awi’ri’w mi’sqallap shi’g’adi’. (naqi’l)

Bul wo’lshem birligi menen u’lken bali’qlardi’ wo’lsheytug’i’n bolg’an, ma’selen, batpan tas-awi’rli’qti’ bildirse, bekire, shortan, su’wen, aq amur, aq du’n’ki man’lay,qara amur h.t.b si’yaqli’ bali’qlardi’ batpanlap wo’lshegen. Demek, bul bali’qlar awi’r salmaqli’, iri bali’qlar qatari’na kiredi.

**5. Yari’m batpan**- batpanni’n’ jarti’si’, yaki bolmasa yekiden biri jigirma kg g’a ten’ salmaq.

**6. Siyseri**- batpanni’n’ to’rtten u’sh bo’legi. Woti’z kg g’a ten’ awi’rli’q wo’lshemi. Mi’sali’: siyseri ji’li’tpa iship, belbaltalar qoli’n’a al. (A’jiniyaz).

7**. Won seri**-batpanni’n’ to’rtten bir bo’legi.Won kg g’a ten’ awi’rli’q wo’lshemi.

**8. Sherek**- bul qadaqti’n’ to’rtten bir bo’legi yamasa 100 gramm.

A’debiy tilimizdegi awi’rli’q, uzi’nli’q wo’lshewleri wolarg’a baylani’sli’ atamalar geypara wori’nlarda fonetikali’q wo’zgerisler menen ayti’latug’i’nli’g’i’n bayqadi’q.

Bali’qti’n’ tek salmag’i’n wo’lshep qoymastan, woni’n’ uzi’nli’g’i’ da asi’m ushi’n wo’lshenedi. Bali’qti’n’ uzi’nli’g’i’, tiykari’nan su’yem, qari’s, qulash si’yaqli’ wo’lshemler menen belgilenedi.
Usi’lard’n’ ishinen yen’ jiyi qollani’latug’i’ni’ qari’s.

**1. Qari’s-** bas barmaq penen kishkene barmaq arasi’ndag’i’ uzi’nli’q, wo’lshem mo’lsheri. Mi’sali’: Taqsi’r, mi’na kepshigin’iz kenepattay yeken, yernegi de qar’istan asadi’. (K. Sultanov).
Alabug’a bali’g’i’ 25 sm.

**2. Su’yem**-bas barmaq penen yekinshi ko’rsetkish barmaqti’ ko’rgen arali’g’i’na ten’ wo’lshem. Mi’sali’: Sawash ha’r bir su’yem jer ushi’n boladi’.

Kalambala bali'g'i' 50-60 mm, amur buzaw bas bali'g'i' 4-5 sm, ersh bali'g'i' 10sm, aterina 15 sm, Aral kalyushkasi' 5-6 sm, goledi 7-8 sm, Aral shipovkasi' 7-8 sm, amurchebachogi 10 sm h.t.b.

**3. Qulash-**yeki qoldi' kergendegi arali'g'i'. Uzi'nli'qti' bildiretug'i'n wo'lshem birligi. Bo'zdi qulashlap ta wo'lsheytug'i'n bolg'an. Bir qulash bir yari'm metrge ten' keledi. Sazan, su'wen bali'qlari'n qari'slap wo'lsheydi de ha'zirde iri bali'qlardi', ma'selen, i'laqa, bekire h.t.b. metr menen wo'lshenedi. Qabi'l yetiw punktinde bali'qlardi' irige, maydag'a ayi'rg'anda wo'lshenedi, woni' bali'qshi'lar "merki" atamasi' menen ataydi'.

**Merki-**wo'lshewshi ag'ash, buni'n' menen bali'qlardi'n' iri ha'm mayda sortlari'n bo'lip shi'g'arg'anda wo'lsheydi.

Juwmaqlap aytqanda, bali'qlardi'n' salmag'i'n, uzi'nli'g'i'n wo'lshewde qollani'latug'i'n mine usi'nday atamalardi' ushi'ratti'q.

Arnawli' bali'qshi'li'q penen shug'i'llanatug'i'n bali'qshi'lar sol buri'nnan kiyati'rg'an qari's, su'yem, qulash penen wo'lshey beredi de, arnawli' bali'qlardi' izertleytug'i'n mekeme xi'zmetkerleri g'ana sm, mm, metr, kilogramm si'yaqli' wo'lshem birliklerinen paydalansa kerek. Sebebi, bali'q awlap adamlar ku'n keshirgen, woni' wo'lshep woti'rmay, awqat asi'p jegen. Sonli'qtan da bul wo'lshemler a'zelden qollani'li'p qolayli'q tuwdi'rg'an degen juwmaqqa keldik.

## 3.3. Ma'wsimge baylani'sli' bali'qshi'li'q leksikasi'

Ma'wsimge baylani'sli' bali'qshi'lar qollanatug'i'n atamalardi' ko'plep tabi'wg'a boladi'. Sebebi bali'q awlaw bul ma'wsimge payli' ka'sip. Sonli'qtan, ata-babalari'mi'z mapazi'nda ko'plep bali'qlar awlap wolardi' saqlaw ushi'n duzlap, qaqlap ali'p qoyg'an. Usi' ko'z qarastan kelip shi'g'atug'i'n bolsaq, ma'wsimge baylani'sli' qollani'latug'i'n atamalar da bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' tiykari'n quraydi'. Ma'selen:

**Abi'rji'-** bul muzdin' qatar –qatpas boli'p turg'an waqti'. Bul bali'qshi'lar ushi'n yen' jaman waqi't. Sebebi, bali'qshi'lar ushi'n bul waqi't

sozi'lsa bali'q awlanbay qaladi'. Wolar ushi'n birde qatti' ji'lli', birde qatti' suwi'qti'n' bolg'ani' jaqsi'.

Ma'selen, …Bali'qshi'ni' ku'ydiretug'i'n mine usi' abi'rji'. Sonli'qtan, ku'nnin' suwi'tqani'n tilep, ku'nde juldi'z sanaydi'. (K. Sultanov)

**Ha'n'**-ten'izdin'muzi' qatti' suwi'qtan jari'ladi'. Sol jari'qti'n' yeni 35-40-50 sm ge jetedi. Usi' u'lken muzdi'n'jari'g'i'n ha'n' dep ataydi'.

**Sen'-** qali'n' muz ba'ha'rde ku'nnin' ji'li'wi' menen bosasi'p bo'linip-bo'linip ketedi. Mine usi' bo'lingen muzlardi' sen' dep ataydi'. Sen'nin' sonday ku'shliligi u'lken kemelerdi ju'rgizbey taslaydi'. Na'tiyjede bali'qshi'lar bali'q awlay almaydi'.

**Ji'li'w**- ten'izde boladi', ji'li'w degen ten'izdin' ishindegi qaytpay turg'an jerine ayti'ladi'. Ten'izde tu'nde ju'riw qi'yi'n boladi'. Ji'li'w qa'wipli.

Bali'qshi'lar leksikasi'n izertlep qarag'ani'mi'zda suwg'a, suwdi'n' ha'reketlerine baylani'sli' a'debiy tilimizde uluwma qollani'lmag'an atamalar bar. Ma'selen, aqbar-bo'linip qalg'an suw, gu'r- muzdi'n' u'yilgen jeri, tepte-suwdi'n' birese azayi'p, birese, ko'beyip turg'an waqti'h.t.b.

Qi's ma'wsimine baylan'sli' bali'qshi'lardi'n' qollanatug'i'n atamalari'na qi'sqi' ji'li'm-bul qi'sta muzdi' woyi'p sali'natug'i'n ji'li'm.

**Shan'-shan**-bali'q duzlaytug'i'n ag'ashtan islengen u'lken i'di's , teren'ligi u'sh, to'rt metrdey boladi'.

**Shan**a-bali'qti' muzda tasi'w ushi'n qollani'latug'i'n qural.

Jaz ma'wsiminde jag'a ji'li'm, aqan aw, sholan h.t.b. atamalar qollani'ladi'.

**Jag'a ji'li'm-** jazda sali'nadi'. Bul ji'ldi' sentyabr ayi'na shekem paydalanadi'. Woni' tarti'wg'a won adam, to'rt at kerek boladi'.

**Aqan aw**- su'wen aw dep te ju'ritiledi. Su'wen bali'qti'n' woyi'ni' tek jazda boladi'. Qi'sta bolmaydi'.

**Sholan-** jazda bali'q saqlaytug'i'n wori'n. Sholanni'n' si'rti' "sho'rgo'm" menen basti'ri'lg'an boladi'. Qi'sta qatarlasti'ri'li'p muz

ji’ynag’annan keyin ishine kirsen’ jazdi’n’ i’ssi’si’nda da adamdi’ ton’di’ri’p jiberedi.

**Kermaw-**qi’s aylari’nda sazan, shortanlardi’ awlaw ushi’n muzdi’n’ asti’na kerip sali’natug’i’n aw.

Qarmaq sali’wdi’n’ ma’wsimi may ayi’nan baslanadi’. Tap muz qatqang’a shekem qarmaq sala beriw mu’mkin. Qarmaqti’ i’lay suwdan go’re ti’ni’q suwg’a salsa bali’q ko’p tu’sedi.

Ha’r qanday a’debiy til sol tildi’n’ dialektleri ha’m govorlari’ ta’repinen toli’g’adi’, bayi’ydi’ ha’m rawajlanadi’.

Biz joqari’da ha’r qanday milliy a’debiy til sol tilde so’ylewshi xali’qti’n’ turmi’si’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’ degen yedik. Aldi’nlari’ a’debiy tilimiz xali’qti’n’ ku’n ko’risine, etnografiyali’q tariyxi’y jag’daylari’na baylani’sli’ bolg’an bolsa, al ha’zirgi ku’ngi qaraqalpaq a’debiy tili ku’ndelikli jan’ali’qlar menen toli’g’i’p bayi’p barati’r. Bir da’wirdegi a’debiy tildin’ normasi’ menen xali’qti’n’ talabi’n qanaatlandi’ri’w mu’mkin yemes. Bul jerde biz bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ ushi’rasatug’i’n terminlerdi na’zerde tuti’p woti’rmi’z.

Qaraqalpaq tilinde bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ bay leksika bar. Bul bayli’qti’ yele de bolsa izertlew, toli’qti’ri’w kerek. Bul maqsetke ma’lim da’rejede usi’ ilimiy jumi’si’mi’z benen yerise aldi’q degen niyettemiz.

## 3.4. Uluwma bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ qollani’lg’an atamalar

Uluwma bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ bali’qshi’lar arasi’nda mi’nanday so’zler menen so’z dizbekleri qollani’ladi’.

**1. Iynelik-** bali’q awlaytug’i’n na’retenin’, ji’li’mni’n’ yaki awdi’n’ ko’zinin’ ji’rti’lg’an jerin toqi’w ushi’n arnalg’an, ag’ashtan tayarlang’an qural. Mi’sali’: Bul jumi’sti’ iynelik sali’w deydi. ( K. Sultanov).
Wol ji’llari’ aw, na’rete toqi’w ushi’n bali’qshi’lar uzi’nli’g’I’ qari’stay juqa taxtadan basi’n su’yir yetip u’sh tilli shani’shqi’g’a usati’p bo’z toqi’ytug’i’n “ma’ki” dese, bali’qshi’lar woni’ iynelik deydi. (K.Sultanov.”Aqda’rya”)

**2. Iyne**- bali'qlardi' keptiriw yamasa bir jerde toplap qoyg'anda wolardi' diziw ushi'n ag'ashtan iyne isleydi.

**3. Jaravoy duz**-bali'qti' duzlag'annan keyin qalg'an duz.

**4. Ja'rnek-**kemenin' u'stinde barati'ri'p bali'q jeytug'i'n qural.

**5. Qarma**- bali'qti'n' su'yeklerin ali'p, yeti menen gu'rtikti aralasti'ri'p islenetug'i'n awqat, tag'am.

Mi'sali':

Bali'q bolsa bergil qarma,
Wo'letug'i'n ku'nin' bar ma? (Womar).
Wo'mirin'de wo'kiren' qag'i'p ju'rsen' de,
Qari'ni' toyi'p bir jemegen qarmani'. (T. Qabulov).

**6. Baqrash**- bali'qshi'lardi'n' du'zde bali'q quwi'ri'p jew ushi'n paydalanatug'i'n i'di'si'. Woni'n' ko'lemi ha'r qi'yli' formada boladi'.

Mi'sali: Wozim-a'm wori'nsi'z qong'anbi'z ba, taw bizge samal jibermey, baqi'rashqa salg'anday quyashqa tutadi'. ( T. Qayi'pbergenov.)

7. **Aw-duzaq**- bali'qti' awlaw ushi'n kerekli qurallardi'n' ha'mmesi usi'lay ataladi'.

Mi'sali:

Aw-duzaq jati'r qarawsi'z,
Arqan boli'p yesilip. (A. Jumaniyazov).

**8. Qalqi'**- qarmaqti'n', awdi'n', ji'li'mni'n' teren'ge bati'p ketpewi ushi'n woni'n' bawi'na baylanatug'i'n jen'il zat.

Mi'sali': Qalqi' batsa qarmaqqa bali'q tu'sti dep tu'siniw kerek.

**9. Jemetey**- suwg'a bali'q awlaw ushi'n qarmaq salg'anda woni'n' ushi'na ildiretug'i'n jem.

Ma'selen: Da'w juwi'ri'p kelse yele bayag'i' ildirip ketken jemetey yeken.

**10. Ko'kli**- awdi'n' ha'r bir tu'ri, danasi' usi'lay ataladi'.

Mi'sali:

Awdi' bir ko'kliden bo'lip sali'wdi'n' bali'qti'n' ko'p tu'siwine u'lken paydasi' bar. ( A. Bekmuratov).

**11.Qalaq-** bali'qqa duz shashi'w ushi'n arnalg'an qural.

**12. Qaqpash**-keptirilgen bali'q. Kepken shabaq.

**13. Qali'yma**- bali'qshi'lar bali'qlardi'n' uwi'ldi'ri'q shashi'p, ko'beyetug'i'n waqti'n usi'lay ataydi'.

Mi'sali':

Woylamaysi'z qalarmi'z dep,
Bir masqara bolarmi'z dep,
Qaliymag'a isenben'iz,
Yendigi ji'l alarmi'z dep.

**14. Qos**-waqti'nsha turi'w ushi'n bali'qshi'lardi'n' qami'stan islengen ma'kani'.

**15. Birki**-bali'q sali'ng'an qaltani'n' awzi'na etiketka jazi'w ushi'n tag'i'latug'i'n kishkene taxta.

**16. Baraq**-bali'qshi'lardi'n' qi'si'-jazi' bali'q awlaw ma'wsiminde turatug'i'n jayi', worni'.

**17. Su'zgi**-bali'qti' shan'nan su'zip ali'w ushi'n arnalg'an a'sbap.

**18. Sha'lki**-bali'qti' salatug'i'n i'di's.

Bali'qshi'li'q leksikasi'nda, tiykari'nan, bali'qti' awlaw qurallari'na, bali'qti'n' atlari'na, bali'qti' wo'ndiriste islep shi'g'ari'wg'a t.b. baylani'sli' toli'p ati'rg'an atamalarg'a duslasti'q.

Bul atamalar jergilikli xali'qti'n' tilinde bir-biri menen ku'ndelikli qatnasi'ni'n' na'tiyjesinde wo'nimli jumsali'p, leksikami'zdi'n' bayi'wi'na wo'z u'lesin qosi'p kelmekte. Ka'siplik so'zler jazba tu'rde de usi' bali'q xojali'g'i'na tiyisli a'debiyatlardan da kelip kirgen.

So'ylewde usi'nday si'rtqi' formasi'boyi'nsha birdey, biraq ta an'lati'p turg'an ma'nileri bir- birine hesh qanday tuwri' kelmeytug'i'n so'zlerden de paydalanami'z.

Demek, ha'r qanday tildin' so'zlik qurami' ba'rhulla wo'zgerip ha'm rawajlani'p turadi'. Turmi'sta h'ar qanday ka'sipke baylani'sli' jan'a atamalar payda boladi'.

## 3.5. Bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' du'zilisine qaray tu'rleri

Ka'siplik so'zlerdin' tiykarg'i' ayi'rmashi'li'g'i' wolardi'n' ka'siplik shekleniwshiliginde ha'm sa'ykes atamalardi'n' si'n'arlari' xi'zmetin atqari'wi'nda ko'rinedi. Ma'selen: Aw, ji'li'm qusag'an atamalar da'slep payda bolg'an waqti'nda neologizm xi'zmetin atqari'p, yendi tilimizde uluwma xali'qli'q leksikag'a kirip ketti. Bali'q awlaw qurallari'nda jan'adan kirgen so'zler menen birigip sol atamalardi'n' ko'lemin, nege baylani'sli' yekenligin, qay jerge tiyisli yekenliklerin ko'rsetip jan'a so'zler jasaladi'. Ma'selen: Seyner ji'li'm, sha'ma'yishni'y ji'li'm, gigant aw, dunay aw h.t.b. yag'ni'y buri'nnan qollani'li'p kiyati'rg'an aw, ji'li'm so'zleri rus tilinen kirgen atamalar menen birigip jan'a ma'nige iye boli'p tur.

Mine bunday so'zler jergilikli xali'qqa tu'sinikli bolg'ani' menen uluwma qaraqalpaq tilinin' leksikali'q qurami' ushi'n jan'a ma'nidegi so'zler boli'p tabi'ladi'. Tilimizdegi bali'qshi'li'q atamalari'n mine usi'nday wo'zgesheliklerine baylani'sli' bir komponentli bali'q atamalari' ha'm yeki komponentli bali'q atamalari' dep u'yrengendi maqul ko'rdik.

### a) Jeke so'z tu'rindegi bali'q atamalari'

Atamalardi' qabi'l yetiw, a'sirese, wo'zge tillerdegi terminlerdi paydalani'w wog'ada u'lken juwapkershilikti, a'debiy tildin' obyektiv talaplari'n toli'q tu'siniwi, usi'g'an sa'ykes atamalardi', tildin' wo'zine ta'n rawajlani'w ni'zamli'qlari'n toli'q basshi'li'qqa ali'wdi' talap yetedi. Bul norma si'pati'nda qa'liplesken a'debiy tildin' so'zlik qurami'n bayi'ti'wg'a sebepshi bolatug'i'n so'zler ka'siplik so'zler boli'p, bul tarawda bali'qshi'li'q atamalari' aldi'n'g'i' wori'nda turadi'. Bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' bali'qshi'lar arasi'nda to'mendegidey bir komponentli so'zler ushi'rasadi'.

Mi’sali’:

**Mardan-**bali’q salatug’i’n i’di’s. Buni’ jekennen toqi’ydi’. Yelmurat awi’lg’a qaytarda bir mardan bali’q jiberdi. ( J. Aymurzaev).

**Qaraqus**- qayi’qti’n’ basi’, arqan baylaw ushi’n qolaylasti’ri’li’p qoyi’lg’an boladi’.

**Iynelik-**na’rete toqi’g’anda qollani’latug’i’n ag’ashtan islengen qural.

Mi’sali’: Wol ji’llari’ aw, na’rete toqi’w ushi’n bali’qshi’lar uzi’nli’g’i’ qari’stay juqa taxtadan basi’n su’yir yetip u’sh tilli shani’shqi’g’a usati’p bo’z toqi’ytug’i’n “ma’ki” dese bali’qshi’lar woni’ iynelek deydi. (K.Sultanov.”Aqda’rya”)

**Sholpi’-** bali’q awlaw ushi’n qollani’latug’i’n su’zekige usag’an qural.

**Su’wen**- bali’qti’n’ bir tu’ri, uzi’nli’g’i’ 1mden aslam, salmag’i’ 20 kg nan arti’q keletug’i’n iri bali’q.

**Qi’yratpa**-bali’q shanshatug’i’n shani’shqi’

**Sazan**-iri, tez wo’siwshi bali’q, uzi’nli’g’i’ 80-90 sm, 15 kg g’a jetedi.

...Yekinshi qoli’n sazanni’n’ sag’ag’i’nan wo’tkerip jormali’na tas yetip baylap, shani’shqi’ menen silkip-silkip jibergende, shan’i’shqi’dan ji’ri’lg’an sazan suwg’a du’mp yete qaldi’. (A. Begimov)

Shortan, bekire, salaka, sazan, i’laqa h.t.b.siyaqli jeke so’z tu’rindegi atamalari’na aldi’n’g’i’ baplarda ken’irek toqtap wo’tken yedik.

**Qaza**-bul ha’zir wo’nimsiz qurallar qatari’na jatadi’, ko’llerde, sayi’z suwlarda, teni’zdin’ jag’alari’nda g’ana bali’q uslanadi’. Qazag’a kirgen bali’q qayti’p shi’g’a almaydi’. Sol sebepli bolsa kerek, xali’q arasi’nda “ qazadag’i’ bali’q, qazandag’i’ bali’q” degen so’z ken’ taralg’an. Bul yerteden kiyati’rg’an bali’q awlaw qurali’ boli’p, woni’n’ ko’lg’aza, jag’ag’aza, dunayg’aza, istawnakg’aza, qayshi’g’ulaq g’aza, qamawg’aza si’yaqli’ tu’rleri bar bolg’an.

Salg’an bizin’ qazami’z,
Ko’rinip tur uzaqtan (Jiyen ji’raw)

**Qaqpay**-jag’ada woti’ri’p, shetke shi’qqan bali’qlardi’ qag’i’p uslap alatug’i’n qural. Buni’ ha’zirde derlik qollanbaydi’.

**Mardan-**qami'stan, jekennen toqi'lg'an bali'q salatug'i'n i'di's, biyikligi adamni'n' belbuwari'nan keletug'i'n do'ngelek i'di's. Mi'sali: Yelmurat awi'lg'a qaytarda bir mardan bali'q jiberdi. (J. Aymurzaev)

Soqi'- bali'qshi'li'q qurali', ag'ashtan, uzi'n sapli', u'lken balg'a si'yaqli' yetip islengen boli'p, u'lken bali'qlardi' ha'lsiretiw ushi'n qollani'ladi'. Mi'sali': …so'ytip ha'lsiregen i'laqani' ja'ne son'i' menen ursan', urg'anda basi'na urg'an menen hesh ku'sh bermeydi, soni'n' ushi'n da asti'n'g'i' iyegine uri'w kerek. (A. Bekmuratov)

**Shontay-**na'rete, ji'li'm ha'm awdi'n' wortalaw jerinde qalta si'yaqli' na'rse boladi'. Wolarg'a tu'sken bali'qlar shontayg'a toplanadi'. Awlang'an bali'qti'n' ha'mmesin shontayg'a ji'ynap, si'rtta jazdi'ri'p aladi'.

Mi'sali':

Shontay nege tawlani'pti',
Bil, du'zet, dep tejep ketti... (Q. Yermanov )

**Qaradaq-** bul Aral bali'qlari'nda ko'p ushi'rasatug'i'n awi'ri'w. Buni'n' menen 16 tu'rli bali'q awi'radi'. A'sirese, sazanda, tortada, aq shabaqta ko'p ushi'rasadi'. Bul atama bali'qshi'lar tilinde jiyi qollani'ladi'. "qara ha'm daq" yeki so'zdin' birigiwi na'tiyjesinde wo'zge atama keselliktin' ati' kelip shi'qqan.

**Wo're** degen so'zdi ali'p qarayi'q, jaydi' basti'rg'anda kesesine bir tastaytug'i'n u'lken ag'ashti' atasa, (mine usi' qa'siyetin saqlap qalg'an halda) na'reteni yeki jaqqa kerip turi'wshi' wortasi'ndag'i' ag'ashqa ayti'ladi'.

**Qayi'q-** yeskek, tayaw arqali' g'ana ha'reketke keletug'i'n bali'qshi'lardi'n' bas qurali' tu'sinilse, ha'zirde mator wornati'lg'an, jaqsi' u'skenelengen quraldi' "matorli' qayi'q" dep ataymi'z.

**"Qumi'r"** bali'qqa baylani'sli' atama. Biraq bali'qti'n' tu'ri yemes. Aq shabaqti'n', sazanni'n' yen' semiz, jaqsi'lari'n usi'lay ataydi'.

**Merki-** wo'lshewshi ag'ash, buni'n' menen bali'qlardi'n' iri ha'm mayda sortlari'n bo'lip shi'g'aradi'.

**Qalash-** bali’q mu’shesi, arqa qalash, tas qalash, quyri’q qalash boli’p bo’linedi.

**Tapash**- bali’qti’n’ quyri’q betine ayti’ladi’.

**Na’rete**-bali’q awlaytug’i’n quraldi’n’ bir tu’ri.

Bali’qshi’lar bileklerin tu’riner,

Na’retesi suwg’a narday sho’kkende (A’ Shamuratov).

Mi’sali’: Wol ji’llari’ aw, na’rete toqi’w ushi’n bali’qshi’lar uzi’nli’g’i’ qari’stay juqa taxtadan basi’n su’yir yetip u’sh tilli shani’shqi’g’a usati’p bo’z toqi’ytug’i’n “ma’ki” dese, bali’qshi’lar woni’ iynelik deydi.
(K.Sultanov. ”Aqda’rya”)

**Qaqpay-**jag’ada woti’ri’p shetke shi’qqan bali’qlardi’ qag’i’p uslap alatug’i’n qural.

**Shontay**-na’retede, ji’li’mda, awda boladi’. Bularg’a tu’sken bali’qlar “shontayg’a” ji’ynaladi’.Yen’ tu’p quyri’g’i’.

Mi’sali’: Ko’p waqi’tqa shekem sholpi’ni’n’ shontayi’ qi’ymi’ldamadi’.
(J. Aymurzaev).

**Meshel-** i’laqa bali’g’i’ni’n ’ kishkene tu’ri. Bul bali’qti’n’ “meshel” atamasi’ menen atali’wi’na qi’zi’g’i’p ko’rgenimizde, bizde meshel so’zi ju’re almaytug’i’n, qoli’nan hesh qanday is kelmeytug’i’n, uqi’psi’z degen ma’nilerde qollani’lip ju’ripti. Bul bali’qti’n’ da ayi’ri’m qa’siyetlerine qarap usi’lay atag’an bolsa kerek. Sebebi, bul atamag’a baylani’sli’ qaraqalpaq tilinin’ leksikasi’nda ani’g’iraq hesh qanday mag’luwmat ushi’ratpadi’q. Sonday-aq, ko’lemi u’lken, salmaqli’ bali’qlar qatari’na bekire, shortan bali’qlari’n kirgizsek boladi’.

**Bekire-1**25-175 sm uzi’nli’qqa iye, 19-31 kg salmaqqa iye boli’p keledi.

Bekire, sazan ushi’n awlari’ bardi’

Qast yetken kisige dawlari’ bardi’.

**Shortan**- 60-70 sm uzi’nli’qqa iye, 4-5 kg salmaqqa iye boli’p ayi’ri’mlari’ 1,5 m boli’p 30 kg g’a shekem wo’sedi.

Mi’sali’: Shabaq bolar an’li’g’ani’ shortanni’n’.

Bekire, shortan si’yaqli’ bali’qti’n’ bul tu’rleri Aral ten’izindegi apatshi’li’q sebepli joq boli’p ketiw aldi’nda tur. Ha’zirde tek g’ana suw qorlari’nda g’ana ushi’rasadi’.

**Shoqi’r**- teni’zde ju’zetug’i’n, uzi’n tumsi’qli’ u’lken bali’q. Shoqi’r-Kaspiy ten’izinen Aralg’a son’g’i’ ji’llar ishinde a’kelip jiberilgen. Sonli’qtan Kaspiy ten’izindegi bali’qshi’ qazaqlar tilinde qalay atalatug’i’n bolsa solay bizge de kelip kirgen boli’wi’ kerek. Jergilikli xali’q usi’lay ataydi’. Bul bali’qta bali’qti’n’ osetr tu’rine jatadi’. Buni’n’ tumsi’g’i’ uzi’n, yetinde tikeni bolmay, tek shemirshekten turadi’.Salmag’i’ 10 kg

**Azna-**qayi’qta yeki azna boladi’. Adamlar woti’ri’w ushi’n qayi’qti’n’ u’stindegi kese tarti’lg’an ag’ashi’.

Aznaday aq marqan’ shekerden tatli’,
Bekire, su’wenin’ zeynimdi tartti’. (K. Sultanov).

**Torta**-qara ko’z bali’qti’ bali’qshi’lar usi’lay ataydi’.

**Shi’g’i’rshi’q**- atamasi’ Moynaq govori’nda u’lken ji’li’mlardi’ dalag’a tarti’p shi’g’ari’w ushi’n qollani’latug’i’n atama. Negizinde “shi’g’i’rshi’q” so’zi go’nergen so’z boli’p, buri’nlari’ paxtani’n’ shigitin ayi’ri’p ali’w ushi’n islengen a’piwayi’ qural. Ha’zirde bali’qshi’lar leksikasi’nda bul so’z da’slepki ma’nisi tarayi’p, jan’a ma’nide jumsalmaqta.

Qaraqalpaqlar a’zelden bali’qshi’li’q ka’sibi menen shug’i’llang’an. Ani’g’i’raq aytsaq, bir neshe ji’llar dawami’nda xalqi’mi’zdi’n’ Moynaq rayoni’ territoriyasi’nda jasawshi’ adamlar mine usi’ ka’sip penen ku’n ko’rgen. Wolardi’n’ ku’ndelikli turmi’si’nda awi’zeki so’ylew tilinde atalg’an ka’sipke baylani’sli’ bir qansha so’zlerdin’ qollang’ani’n bayqadi’q. A’debiy tilimizde, sonday-aq jergilikli jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ shi’g’armalari’nda ushi’rasatug’i’n bekire, sazan, shabaq, su’wen, aq marqa, taban, i’laqa, alabug’a, shortan t. b. atamalar ha’r rayon so’yleminde semantikali’q jaqtan wo’zgeshe ma’nide qollani’lg’ani’n ushi’ratti’q.

Usi'nday ayi'rmashi'li'qqa tiyisli atamalar a'debiy tilimizdin' so'zlik qurami'na yenip, paydalani'wi'na jegilgende g'ana a'debiy tilimiz toli'g'i'p, bayi'p woti'radi'.

**b) So'z dizbegi tu'rindegi bali'q atamalari'**

Tilimizdegi so'zler ba'rhulla wo'zgeriste, rawajlani'wda, ha'm de bayi'p bari'wda. Sol sebepli so'zler wo'zgergende, rawajlang'anda ha'm de bayi'g'anda so'zler da'slepki ma'nisinen uzaqlasi'p jan'a ma'nide de jumsali'wi' mu'mkin. Ma'selen: Qaraw degen so'zdi ali'p qarayi'q. Bul so'z belgili bir zatqa qaraw yamasa ku'tiw ma'nilerinde qollani'latug'i'n so'z. **”Qaraw” so'zi** bali'qshi'lar tilinde basqa, jan'a ma'nide qollani'ladi'. Jer so'zi menen birigip kelip bir ma'nis atqaradi'. Bali'qshi'lar qi's aylari'nda jer qaraydi'. Wolar u'ki woyi'p woni'n' awzi'na do'n'gelek sho'p buwi'p, piskek penen bali'qti'n' barli'g'i'n, joqli'g'i'n, azli'g'i'n , ko'pligin barlaydi'. Bali'qshi'lar tilinde buni' ”jer qaraw” dep ataydi'.

**Kapron qalqi'-kapronnan aw**- bular jaqi'n ji'llardi'n' jemisi. Kapronnan paydalani'w menen baylani'sli'. Buri'n bul atama ”wo'kpe qalqi'” dep te ju'ritilgen.

Bekire qarmaq-bul qarmaq u'lken boladi'. Moynaqshi'lar tilinde u'lken buyi'mlardi' «bekire qarmaqtay» degen so'z dizbegi arqali' ten'ew qollani'ladi'.

**Qara ji'li'm**- bali'qshi'lar bul ji'li'm tuwrali' mi'naday deydi:

Bul ji'li'm 8 m boli'p, won yeki adam saladi', al jazda won adam da jetedi.

**Shawi't ji'li'm**- bali'qshi'li'q qurali', uzi'nli'g'i' 8 m ge shamalas, i'laqa bali'q tuti'w ushi'n paydalanadi'.

**Sha'ma'shni'y ji'li'm**- buni'n' menen mayda bali'qlar awlanadi'.

**Sho'mekey ji'li'm**- bul ji'li'mni'n' ko'zleri tar, mayda boladi'.

**Targo'z ji'li'm**- ko'zleri di'm tar, mayda boladi'. Kilka, may shabaq t.b. bali'qlar tutadi'.

**Matay aw-** awdi'n tu'ri.

**Jan’g’i’z tolqi’n**- jalg’i’z tolqi’n u’lken boladi’. Bul jekke siyrek boladi’.

**Aqbas tolqi’n**- bul ten’izde bolatug’i’n u’lken tolqi’n.

**Seyner ji’li’m**- bul teren’ suwlarg’a sali’natug’i’n ji’li’m.

**Jag’a ji’li’m**-jazda sali’nadi’.

**Qabadan aw**- bul jayi’li’p turadi’. Bali’qshi’lar jipten na’retedey yetip toqi’ydi’. Awzi’ u’lken, tu’p jag’i’ barg’an sayi’n kishireyip bara beredi.

Soldat shalan’-rus tilinen kirgen soldat so’zi menen govordag’i’ qollani’latug’i’n “shalan’” so’zleri birigip jan’a atama payda yetip tur.

**Qara ji’li’m**- ju’da’ u’lken ji’li’m. Uzi’nli’g’i’ 8 m, won-won yeki adam saladi’, Moynaqshi’lar buni’ shawi’t ji’li’m dep te ataydi’.

**Sho’mekey ji’li’m**- bul ji’li’mni’n’ ko’zleri tar, tek yeki barmaq boladi’. Qazaqti’n’ sho’mekey uri’wi’ shi’g’arg’an degen itimal da joq yemes.

**Bergewbay ji’li’m**-buni’n’ menen bali’qti’n’ ko’p tu’rleri awlanadi’. Ati’ adam ati’na baylani’sli’ qoyi’lg’an bolsa kerek.

**Dunay aw**- bali’qshi’lar bul awdi’n’ Dunaydan kelgenligin aytadi’.

**Qorg’asi’n aw-** bali’qshi’lar bul awdi’ ag’i’n suwg’a, yag’ni’y da’ryag’a saladi’.

**Qurtqa bali’q**- bali’qti’n’ mayda tu’rlerine ayti’ladi’.

**Toqi’ bali’q**- bul wo’ndiris ushi’n ju’da’ paydali’. Ji’rtqi’sh yemes bali’qlarg’a kiredi.

**Taban bali’q-**si’rtqi’ formasi’ jag’i’nan sazang’a usag’an menen sazannan tompaq boladi’.

Bali’qti’n’ bir atasi’ taban bali’q,

Ju’rmeydi qamshi’lasa shaban bali’q.

Bali’qshi’li’q leksikasi’nda mine usi’nday bali’qshi’li’q atamalari’ ushi’rasadi’.

**Mambaq jaq-** awdi’ qursawlaytug’i’n jipti “mambaq jaq” yamasa “arqali’q taban” dep ataydi’. Bul juwanlaw qara jip boli’p juwanli’g’i’ 55 mm boladi’.

**Ushan keme-** kemenin' yen' u'lken tu'rine ayti'lg'an.

**Si'payi' bali'q-** uluwma qa'siyetine qarap usi'lay atalg'an. Bul su'wen bali'qti'n' bali'qshi'lar tilindegi atamasi'.Panaxani' su'wen-bali'qti'n' yerkegin usi'lay atag'an. Bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' leksika a'debiy tilimizde qollang'anda tilimizdin' so'zlik qurami'ni'n' toli'q bayi'wi'nda, jetilisiwine ja'rdem beretug'i'n til materiallari'nan yesaplanadi'.

Tilimizdegi bali'qshi'li'q leksikasi'n izertley woti'ri'p, joqari'dag'i' mi'sallardan basqa yeki so'zdin' birigiwinen jan'a ma'nidegi atamalardi'n' jasalg'ani'n ushi'ratti'q.

Ma'selen:

Alabug'a-bul bali'qt'n' barli'q jeri ala boladi'. Xali'q arasi'nda "Alabug'aday ti'rri'ya berme" degen so'zler de jumsaladi'.

Qarako'z-bul wo'ndirislik a'hmiyeti bar bali'qlar qatari'na kiredi. Bul semiz, mayli' bali'q. Bul termin ruslarda "beloglazka" dep ju'ritiledi. Aldi'nlari' "aq ko'z shabaq" dep naduri's awdarma jasalg'an.

Ayg'ulaq-bali'qti'n' basi'nda boladi'. Ayqulaq bas su'yeklerinin' ishindegi yen' u'lkenleri.

### v) Qospa so'z tu'rindegi bali'q atamalari'

Bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' ka'siplik so'zler jalpi' xali'qli'q so'zlikti bayi'ti'wdag'i' dereklerdin' biri xi'zmetin atqaradi'. Wolar sheklengen qollani'w wo'risine iye boli'wi'na qaramastan ko'rkem shi'g'armalarda da ushi'rasadi'.

Mi'sali':

**1. Qi'zi'l qanat torta**-uzi'nli'g'i' 20-25 sm ha'm 30-35 sm salmag'i' 100-300 gr tiykari'nan suw wo'simlikleri, siyrek nasekomalardi'n' lichinkalari' menen awqatlanadi'.

**2. Ko'k moyi'n torta**-dushshi' suw bali'g'i', uzi'nli'g'i' 30 sm, salmag'i' 850 gr g'a ten'. Mayda bali'q, shabaqlar menen awqatlanadi'.

**3. Amur buzawbas bali'g'i'-** uzi'nli'g'i' 4-5 sm, salmag'i' 8 gr. shamasi'ndag'i' kishi bali'q. O'zbekistang'a Qi'taydan tosattan kelip qalg'an. Respublikani'n' tegis bo'limlerindegi suw qorlari'nda ken' tarqalg'an.

**4. Aral aq shabag'i'**- uzi'nli'g'i' 10 sm, salmag'i' 200 gr. g'a jetedi.

**5. Aral aq marqasi'**-iri bali'q, uzi'nli'g'i' 85 sm, salmag'i' 6 kg.

**6. Ji'lan bas bali'q**- iri, uzi'nli'g'i' 1m, salmag'i' 10 kg. Suwsi'z 5 ku'nge shekem jasawi' mu'mkin.

**7. Aral torta bali'g'i'**- uzi'nli'g'i' 40 sm, salmag'i' 1200 gr.

**8. Aral qara ko'z bali'g'i'**- uzi'nli'g'i' 31-39 sm, salmag'i' 0,6-1 kg.g'a jetedi. Wol tiykari'nan lichinkalar, baqanshaqli' shayanlar menen awqatlanadi'.

**9. Aq du'nki man'lay-** iri bali'q, toparlasi'p ju'redi. Uzi'nli'g'i' 1m, salmag'i' 40 kg.g'a jetedi.

**10. Shubar du'n'ki man'lay** – bul bali'q qa'dimgi du'nki man'layg'a uqsas, biraq basi' u'lken ha'm uzi'ni'raq ko'kirek qalashlari'na iye.

**11. Jolaqli' tez ju'zer**-dene uzi'nli'g'i' 11sm, denesi qaptaldan qi'si'n'qi', sag'aq qaqpag'i'ni'n' joqari' ushi'nan baslap qaptal si'zi'qti'n' u'sti menen quyri'q qalashi'na shekem qara jolaq si'zi'lg'an.

Uluwmalasti'ri'p aytqanda, bali'qshi'li'q leksikasi'n teren' izertley woti'ri'p, ka'siplik leksikani'n' basqa tu'rlerine sali'sti'ri'p qarag'anda bunday atamalardi'n' bir qansha wo'zgesheliklerge iye yekenligin bayqadi'q. Bali'qshi'li'q ka'sibine baylani'sli' so'zler ha'm woni'n' leksikali'q qatlami'nda a'debiy tilden parqi' bar so'zler, woni'n' menen ma'nilik jag'i'nan ha'r qi'yli' ha'm yen' son'i'nda a'debiy tilge sali'sti'rg'anda formasi' boyi'nsha azi'-kem bolsa da wo'zgeshelikke iye so'zler ushi'rasadi'.

Qaraqalpaq tilindegi bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' du'zilisine qaray tu'rlerin izertlegende to'mendegidey juwmaqqa keldik:

1. Izertlengen bali'qshi'li'q leksikasi' qaraqalpaq a'debiy tili menen ha'm tu'rk tilles topari'na kiretug'i'n bir qansha tiller menen sali'sti'ri'li'p

izertlengende bunday atamalar tu'rinin' ani'qlani'wi' leksikologiya ushi'n kerekli derek boli'wi' mu'mkin.

2. Du'zilisi boyi'nsha bali'qshi'li'q leksikasi' bir-biri menen sali'sti'ri'lg'anda yen' ko'p jeke so'z tu'rindegi atamalar yekenligi ani'qlandi'.

3. Moynaq so'yleminin' semantikali'q topari'na kiretug'i'n neologizm qusag'an atamalardi'n' tek g'ana sol so'ylemge ta'n xarakterli degen ma'nileri paydalani'ldi'.

4. Terminologiyali'q xarakterdegi atamalar ilimnin' basqa da tarawlari' ushi'n yen' kerekli materiallardan yesaplanadi'.

5. Bunday ka'siplik leksikani' izertlew qaraqalpaq tilinin' leksikologiyasi', ka'siplik so'zler degen tematikasi'n u'yreniw ushi'n yen' kerekli material boladi'.

Qaraqalpaq tilinin' bali'qshi'li'q leksikasi'nda yele a'debiy tilde qollani'lmag'an, qollani'lg'an jag'dayda a'debiy tilimizdin' bayi'wi'na, toli'g'i'wi'na ken' mu'mkinshilikler beretug'i'n so'zler, so'z dizbekleri ko'plep ushi'rasadi'. Bul so'zlerdi ji'ynap, ha'r birinin' wo'zine ta'n belgilerine qaray toparlarg'a aji'rati'w, wol atamalardi' analizlew, yen' son'i'nda belgili bir ilimiy juwmaqqa keliw tilimizdin' yele de toli'g'i'wi'na ko'p g'ana ta'sirin tiygiziwi mu'mkin.

Usi'nday ko'pshilik so'zlerdi ken' tu'rde wo'z worni'nda a'debiy tilmizde paydalang'ani'mi'zda a'debiy shi'g'armalardi'n' tilin izertlew, bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' qanshelli bay yekenligin biliw ushi'n, teren' ug'i'ni'wi'mi'z ushi'n bul jumi's ken' mu'mkinshilik jarati'p beredi.

Qaraqalpaq tili bali'qshi'li'q leksikasi', uluwma qaraqalpaq tilinin' bay so'zlik quramg'a iye yekenliginin' gu'wasi' boli'p tabi'ladi'. Bali'qshi'lardi'n' jergilikli awi'zeki so'ylew tili wog'ada bay ha'm wondag'i' so'zler a'debiy tildin' yen' jaqi'n ja'rdemshileri boli'wi' itimal. Sonli'qtan qaraqalpaq a'debiy tilinde bunday bali'qshi'li'qqa baylani'sli' atamalardi' retine qaray paydalang'anda ju'da' wori'nli' bolar yedi.

Basqa tillerdegi si’yaqli’ bali’qshi’li’q atamalari’ni’n’ wo’zgesheliklerin u’yreniw isi- qaraqalpaq milliy tilinin’  qa’liplesiw, tildin’ tariyxi’n izertlew, bul tarawda  so’zlikler du’ziw ushi’n da paydali’. Sonday-aq, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ bali’qshi’lari’ni’n’ ha’zirgi jag’dayi’ ha’m atamalardi’n’ kelip shi’g’iw etimologiyasi’n ani’qlaw ma’selesin ko’rsetiwge de wo’z ko’megin tiygizedi. Bali’qshi’li’q leksikasi’n ani’qlaw, u’yreniw jergilikli xali’qti’n’ so’z bayli’g’in izertlew, woni’n’ a’debiy tilge qatnasi’n belgilew ushi’n da paydali’.

## JUWMAQ

Qaraqalpaq a'debiy tili xali'qti'n' janli' so'ylew tilinin' yesabi'nan bayi'p woti'ri'wi' ni'zamli' qubi'li's. Biraq a'debiy tilge so'ylew tilindegi qa'legen so'z kirmeydi, al si'nalg'an, ta'jiriybede wo'zin aqlag'an birlikler wori'n ali'wi' mu'mkin. Qaraqalpaq a'debiy tilinin' qa'liplesiwinde belgili ori'n dialektlik so'zlerge tiyisli bolsa da, tildin' uluwma bayi'wi'na ka'siplik so'zlerdin' de worni' ayri'qsha.

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinin' leksikasi' turmi'sti'n' barli'q ta'replerin wo'z ishine alatug'i'n bay so'zlik g'a'ziyneden turadi'. Wol tildin' ishki rawajlani'w ni'zamlari'na sa'ykes so'zdin' payda boli'w, jasali'w usi'llari', sonday-aq basqa xali'qlar menen qatnas na'tiyjesinde so'z awi'si'wi' arqali' ken'eyip, jetilisip kiyati'r. Usi'nnan kelip shi'g'i'p bali'qshi'li'q leksikasi'n teren'irek u'yreniw a'hmiyetli ma'selelerdin' biri si'pati'nda qaralmaqta.

Bali'qshi'li'q leksikasi'n izertlew birinshi gezekte bali'q atamalari'n toli'q biliwdi, bali'q awlawda qollani'latug'i'n qurallardi'n' atamalari'ni'n' kelip shi'g'i'wi'na itibar qarati'w maqsetke muwapi'q bolatug'i'nli'g'i'n belgilep berdi. Bali'qshili'q ka'sibine baylani'sli' so'zlerdi izertlewde tildegi bar normalarg'a a'mel qi'li'wdi'n' wo'zi jetkilikli yemes.

Demek, leksikali'q birliklerdin' leksik, frazeologik, grammatik ha'm fonetik mu'mkinshiliklerin qollani'wda biri-birinen ma'lim da'rejede pari'q qi'ladi'.

Qullasi', tu'rkiy tiller ushi'n wortaq so'zler qaraqalpaq tilinin' so'zlik qori'nan wori'n ali'p, so'zlik quramdi' rawajlandi'ri'wda wo'zinin' tiykarg'i' xi'zmetin atqari'p kiyati'r. Qaraqalpaq a'debiy tilinin' rawajlani'wi'na ha'm bayi'p bari'wi'na qatnasli' bolg'an qaraqalpaq tilindegi so'zlik quramdag'i' ka'siplik leksikani' soni'n' ishinde bali'qshi'li'q leksikasi'n u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi, ha'r qanday ka'siplik so'zler ku'ndelikli qollani'li'wi'na ha'm jan'adan kirip keliwine qaray tilimizde wo'z worni'na iye boladi'.

”Qaraqalpaq tilinde bali’qshi’li’q leksikasi’” degen atamadag’i’ magistrlik jumi’si’mi’zda bali’qshi’li’q ka’sibine baylanisli’ atamalardi’ ilimiy talqi’g’a sali’w ushi’n biz ta’repinen to’mendegi jumi’slar islendi:

**Birinshiden,** tu’rkiy ha’m qaraqalpaq til bilimindegi bali’qshi’li’q leksikasi’ni’n’ izertleniw jag’daylari’n u’yrendik ha’m sol tiykarda bali’qshi’li’q leksikasi’n toparlarg’a aji’rati’p izertlewge umti’ldi’q.

**Yekinshiden**, til biliminin’ leksikologiya tarawi’ boyi’nsha izertlengen miynetlerge sholi’w jasap, ka’siplik so’zlerdi sali’sti’rmali’ bag’darda analizlewge, izertlewge ha’reket qi’ldi’q.

**U’shinshiden**, bali’qshi’li’q leksikasi’n tematikali’q toparlarg’a aji’rati’p ilimiy juwmaq jasawga umti’ldi’q.

**To’rtinshiden,** qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’ menen tuwi’sqan xali’qlar tilindegi bali’qshi’li’q atamalari’ni’n’ wo’zgeshelikleri ha’m uqsasli’qlari’ analiz yetildi.

**Besinshiden,** qaraqalpaq tilindegi bali’qshi’li’q leksikasi’ du’zilisine qaray toparlarg’a aji’rati’li’p, til ilimi ushi’n a’hmiyeti ani’qlandi’.

Bul bag’darda izertlew jumi’si’ ju’rgizbey turi’p bali’qshi’li’q leksikasi’ni’n’ ma’nilik toparlari’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin, tilimizde qollani’li’w jag’daylari’n ani’qlaw mu’mkinshiliklerine iye bolmas yedik.

Bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ leksika ilimnin’ ha’m texnikani’n’ tez pa’t penen rawajlani’wi’ na’tiyjesinde bayi’p barmaqta. Mi’sali’: basqa tillerden kirgen bali’q atamalari’ tiykari’nda wo’z so’zlik qatlamg’a kiretug’i’n bali’q tu’rlerinen basqa, awlaw qurallari’, bali’qti’ wo’ndiriste islep shi’g’ari’wg’a h.t.b. baylani’sli’ toli’p ati’rg’an atamalar payda bolmaqta. Biz wo’zimizdin’ magistrlik jumi’si’mi’zda mine usi’ bar bolg’an mag’luwmatlarg’a su’yenip, wolardi’ terminologiyali’q jaqtan toparlarg’a aji’rati’p, pikirlerimizdi bar bolg’an mi’sallar tiykari’nda da’liyllewge, analizlewge umti’ldi’q.

Biz bali’qshi’li’q leksikasi’n izertlew bari’si’nda mine usi’nday wo’zesheliklerdi bayqadi’q. Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tilinin’ bali’qshi’li’q ka’sibine baylani’sli’ so’zlerin izertley woti’ri’p to’mendegidey

juwmaqqa keldik. Birinshiden, izertlegen bali'qshi'li'q leksikasi' qaraqalpaq a'debiy tili menen tu'rkiy tilles topari'na kiretug'i'n bir qansha tiller menen sali'sti'ri'p izertlew yen' a'hmiyetli derek yekenligi belgili boldi'. Yekinshiden, bali'qshi'li'q leksikasi' ka'siplik so'zler ishinde basqa ka'siplik so'zlerge sali'sti'rg'anda ko'p g'ana ayi'rmashi'li'qlarg'a iye, yag'ni'y bali'qshi'lar leksikasi'nda yele de bolsa paydalani'p ati'rg'an bayli'qlar bar. Bul bayli'qlardi' a'debiy tilimizdin' paydalani'wi'na bergenimizde a'debiy tilimiz toli'g'adi', bayi'ydi', rawajlanadi'.

Bul atamalar jergilikli xali'qti'n' tilinde bir-biri menen ku'ndelikli qatnasi'ni'n' na'tiyjesinde wo'nimli jumsali'p, leksikami'zdi'n' bayi'wi'na wo'z u'lesin qosi'p kelmekte. Ka'siplik so'zler jazba tu'rde de usi' bali'q xojali'g'i'na tiyisli a'debiyatlardan da kelip kirgen.

Qaraqalpaq tilindegi bali'qshi'li'q leksikasi'ni'n' du'zilisine qaray tu'rlerin izertlegende to'mendegidey juwmaqqa keldik:

1. Izertlengen bali'qshi'li'q leksikasi' qaraqalpaq a'debiy tili menen ha'm tu'rk tilles topari'na kiretug'i'n bir qansha tiller menen sali'sti'ri'li'p izertlengende bunday atamalar tu'rinin' ani'qlani'wi' leksikologiya ushi'n kerekli derek boli'wi' mu'mkin.

2. Du'zilisi boyi'nsha bali'qshi'li'q leksikasi' bir-biri menen sali'sti'ri'lg'anda yen' ko'p jeke so'z tu'rindegi atamalar yekenligi ani'qlandi'.

3. Moynaq so'yleminin' semantikali'q topari'na kiretug'i'n baliqshiliq ka'sibine baylanisli neologizm qusag'an atamalardi'n' tek g'ana sol so'ylemge ta'n xarakterli degen ma'nileri paydalani'ldi'.

4. Terminologiyali'q xarakterdegi atamalar ilimnin' basqa da tarawlari' ushi'n yen' kerekli materiallardan yesaplanadi'.

5. Bunday ka'siplik leksikani' izertlew qaraqalpaq tilinin' leksikologiyasi', ka'siplik so'zler degen tematikasi'n u'yreniw ushi'n yen' kerekli material boladi'.

Qaraqalpaq tilinin' bali'qshi'li'q leksikasi'nda yele a'debiy tilde qollani'lmag'an, qollani'lg'an jag'dayda a'debiy tilimizdin' bayi'wi'na,

toli’g’i’wi’na ken’ mu’mkinshilikler beretug’i’n so’zler, so’z dizbekleri ko’plep ushi’rasadi’. Bul so’zlerdi ji’ynap, ha’r birinin’ wo’zine ta’n belgilerine qaray toparlarg’a aji’rati’w, wol atamalardi’ analizlew, yen’ son’i’nda belgili bir ilimiy juwmaqqa keliw tilimizdin’ yele de toli’g’i’wi’na ko’p g’ana ta’sirin tiygiziwi mu’mkin.

Usi’nday ko’pshilik so’zlerdi ken’ tu’rde wo’z worni’nda a’debiy tilmizde paydalang’ani’mi’zda a’debiy shi’g’armalardi’n’ tilin izertlew, bali’qshi’li’q leksikasi’ni’n’ qanshelli bay yekenligin biliw ushi’n, teren’ ug’i’ni’wi’mi’z ushi’n bul jumi’s ken’ mu’mkinshilik jarati’p beredi.

Qaraqalpaq tili bali’qshi’li’q leksikasi’,uluwma qaraqalpaq tilinin’ bay so’zlik quramg’a iye yekenliginin’ guwasi’ boli’p tabi’ladi’. Bali’qshi’lardi’n’ jergilikli awi’zeki so’ylew tili wog’ada bay ha’m wondag’i’ so’zler a’debiy tildin’ yen’ jaqi’n ja’rdemshileri boli’wi’ itimal. Sonli’qtan qaraqalpaq a’debiy tilinde bunday bali’qshi’li’qqa baylani’sli’ atamalardi’ retine qaray paydalang’anda ju’da’ wori’nli’ bolar yedi.

Juwmaqlap aytqanda, wori’s tili ha’m wori’s tili arqali’ basqa tillerden awi’sqan so’zler ha’zirgi zaman qaraqalpaq a’debiy tilinin’ leksikasi’n, soni’n’ ishinde, bali’qshi’li’q leksikasi’n bayi’ti’w menen birge ku’ndelikli turmi’sta bali’qshi’lar leksikasi’nda g’ana yemes, barli’q bali’qqa qi’zi’g’atug’i’n shaxslar so’zlik qurami’nda ken’ tu’rde qollani’li’p ba’rshege ten’dey tu’sinikli so’zler (atamalar) qatari’nan wori’n almaqta.

So’ylewde usi’nday si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha birdey, biraq ta an’lati’p turg’an ma’nileri bir- birine hesh qanday tuwri’ kelmeytug’i’n so’zlerden de paydalanami’z.

Demek, ha’r qanday tildin’ so’zlik qurami’ ba’rhulla wo’zgerip ha’m rawajlani’p turadi’. Turmi’sta h’ar qanday ka’sipke baylani’sli’ jan’a atamalar payda boladi’.

# PAYDALANI'LG'AN A'DEBIYATLAR DIZIMI

## 1. Prezident miynetleri

1. Каримов И.А. Юксак маънавият енгилмас куч. – Тошкент.: «Маънавият», 2008. –174 б.

2. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. – Тошкент: Ўзбекистон, 1998. –583 б.

3. Каримов И.А. Баркамол авлод–Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори, Т.: Ўзбекистон, 1998. Т.VI., –Б. 324-347.

## Tiykarg'i' a'debiyatlar.

1. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармалари тили. Ташкент. 2006.

2. Абдуллаев Ф. Өзбек тилининг Хоразм шевалари, Ташкент, 1961.

3. Алланиязова Ш. Қарақалпақ тилиниң қол өнер лексикасы, Нөкис 1991.

4. Аразкулиев С.Гарагалпакстан АССРның Дөртгүл районындағы түркмен геплешиклери. Ашхабад, 1961.

5. Баскаков Н.А. Состав лексики каракалпакского языка и структура слова, сб. «Исследования по сравнительной грамматике тюркских языков». IV лексика.М.,1962.

6. Н.А.Баскаков., С.Б.Бекназаров, У.Н.Кожуров. Русско-каракалпакский словарь, М., 1974.

7. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. т.IV. Н., 1995.

8. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык, ИВ. Лексика, Нукус 1996.

9. Бегжанов Т. Қарақапақ тили Мойнақ говорының лексикалық өзгешеликлеринен, Қарақалпақстан филиалының хабаршысы ", 1, 1964.

10. Бегжанов Т. Балықшылық кәсибине байланыслы лексикадан "Вестник каракалпакского филиала", 4, 1964.

11. Бегжанов Т. Қарақалпақ тили диалектологиясының мәселелеринен, Нөкис,1971.

12. Бегжанов Т. Тлеўова З, Бекбергенова Г, Бегжанов К Из профессионалной лексики рыбаков в каракалпакском языке. ”Вестник каракалпакского отделения А. Н.Узбекистана”, 2005, 3.

13. Бегжанов Т. ”Термины родства в Муйнакском говоре каракалпакского языка”, ”Вопросы диалектологий тюркских языков” Баку, 1965.

14. Бегжанов Т. Насыров Д. С. Тахтакөпир районында жасаўшы қарақалпақ тили бойынша бақлаўлар , Вестник каракалпакского филиала, 1, 1962.

15. Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функционаллық стильлериниң раўажланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис.,1973.

16. Бердимуратов Е. Қарақалпақ тили терминлери, Нөкис 1999

17. Л. Берг. Аралское море, 1908.

18. Дәўлетов А., Бердимуратов Е. Тил билимине кириспе. -Нөкис. 1985.

19. Доспанов О. Қарақалпақ тили қубла диалектиниң лексикасы, Нөкис 1977.

20. Махмуд Қашғарий. Девону луғат-ит турк, 1-11-111. Ташкент, 1960, 1961, 1963.

21. Малов С.Е. Заметки о каракалпакском язике. Нукус 1966.

22. Насыров.Д.С., К. Убайдуллаев. Т. б. Қарақалпақша-орысша сөзлик. М., 1958

23. Насыров.Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. -Нукус, 1976.

24. Насыров.Д.С. Вопросы изусҳения диалектов каракалпакского языка книга ”Вопросы диалектологий тйуркских языков, Фрунзе, 1968.

25. Неъматов Ҳ., Расулов Р. Ўзбек тили систем лексикологияси асослари. Тошкент., 1995.

26. Сейтов. О. Қарақалпақ тилинде балықшылық кәсибине байланыслы лексика, ”Жас ленинши ” газетасы, 1962, 13-июль.

27. Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиги . 1-IV. -Нөкис. 1982.

28. Үббиниязов.Ж. Түслик Аралда балық аўлаўшылық ҳәм балық санаатын раўажландырыўдың гейпара мәселелери, Нөкис 1961.

29. Досқараев Ж. Арал, Каспий балықшыларының тилиндеги професионалдың лексиканың материалдары. //Вопросы история и диалектологий казахского языка. Вып.1. -Алма-ата. 1958.

30. Жуманов М. А, Асенов Г. А,Бекбергенова З. О, Қощанов Д. Е. Қаракалпакстанның хайўанат дүньясы, Нөкис 2014.